# МагIарулай

Хъизаналъго цIализе журнал

№ 3 / 2026

**Литературияб гьумер**
*МугIрузул лъимал*

**Тухум-кьибил**
*ГIадамазе пайдаяллъун рукIин...*

**Сахлъи**
*Лъимал – долго чIахIиял, гIищIго хIалбихьи дагьал*

**Адабият**
*Гьалбал*



## Сидрат ГIалибегова

*Гьабе лъикIлъи!*

«Женщина Дагестана»
*на аварском языке*
№ 3/2026

***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан
***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru
***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru
***Ответственный секретарь***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru
***Редактор русского выпуска***
А. М. Бабаева aida-babayeva2012@yandex.ru
***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru
***Редактор даргинского выпуска***
П. М. Сулейманова zehra.fatimat@mail.ru
***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru
***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru
***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru
***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru
***Корреспонденты:***
А. Тажудинова, В. Ратенкова, Р. Бакидов,
С. Эмирова
***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru
***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 25.06.2026 г.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0601. Тираж (2635) 530 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05–00429 выдан Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** – М. Ю. Моллакаев (MagHazar)

# *Журналалда руго*

1 Редакторасул калам
***Дагъистан – гурхIел-рахIмуялъул гама***

2 ГурхIел-рахIму
***Гьабе лъикIлъи!***

6 Пишацоял
***«Дица коллективалъе эркенлъи кьуна. Мекъиги ккечIо»***

10 Литературияб гьумер
***МугIрузул лъимал***

14 Тухум-кьибил
***ГIадамазе пайдаяллъун рукIин...***

18 Мастер-класс
***Нужерго ресазе гIорхъи чIваге***

22 Юбилей
***ГIелмуялъул борхалъабазде нух***

26 Сахлъи
***Лъимал – долго чIахIиял, гIицIго хIалбихьи дагьал***

30 Адабият
***Гьалбал***

35 МугIрузда кIоченаро
***Сонал рахъанагIан...***

36 Юбилей
***Залму Батирова***

40 Тарихалъул гьурмал
***Рагьул бахIарчи, устар, композитор...***

42 Лъайкьей
***Бищун тIадегIанаб шапакъат***

46 Гьалде кIвар кьола
***Нугъаязул хIакъалъулъ***

48 ГIелму
***Дуца гIуцIцIараб дунял...***

52 Такъсириял харбал
***ХвезегIан гьудулзаби***

***POST scriptum***

57 Наставники
***«Семантика совести»: путь Лауры Феталиевой***

60 Бизнес-леди
***«Женщины доказали, что могут руководить и компаниями, и целыми странами»***

На обложках:
I – Сидрат Алибегова, педагог Центра развития талантов «Альтаир», руководитель благотворительной группы «Дари Добро Дагестан»
III, IV – Фото А. Нурмагомедовой «Последний звонок».



# *Дагъистан – гурхIел-рахIмуялъул гама*

Исана ихалъ хIукму гьабуна нилъер, дагъистаниязул, къвакIиялъул хIалбихьизе. ГIадамаз гIумруялъ гьабураб магIишат, рукъзалгун цадахъ, чурун ана нилъер кIваргьечIолъиялъул кIкIалахъе. ГIемерал хъизанал хутIана рукъзалги жидерго къайи-цIаги гьечIого. Амма бищунго пашманаб – цо-цоязе гIагарал чагIиги камуна гьеб тIабигIияб балагьалъул хIасилалда.

Гьеб лъугьа-бахъиналъулъ, лъеца росун арал тIубарал росабаз гуребги, дунялго гIажаиблъизабуна, жидерго къварилъиялда данде чIчIараб Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъ ва бахIарчилъиялъ.

Баркала хехаб кумекалъул хъулухъчагIазе! Цо-цо мехалъ, жидерго гIумруялде ва сахлъиялде рачIинчIого, жидерго бугеб къуваталда ва ресалда тIадеги кумек гьабулеб рукIана гьез!

Узухъда, гьединаб тIабигIияб балагьалде данде лъилниги хIадурлъи букIинчIо. Гьелъул гIиллабазул ва хIасилалъул гIайибги лъиданиги чIвазе бегьуларо. РакIбацIцIадго абизин: нилъецаго гурищ бегьуларел ракIазда рукъзал разе хIукму гьабулеб? Нилъецаго гурищ хIинкъигьечIолъиялъул къагIидаби хвезарун рарал минабазда жаниб рукъ босизе хIукму гьабулеб? Пикруго гьабичIого, гIурумухъазда рукъзал ралел чагIиги нилъго гурищ? Шагьаразул квартирабазде тIаде балконал ралел, тIад тIубарал этажал ралел чагIиги нилъго гурищ?

РачIа нилъ ритIухъаллъун рукIине гьеб реццалда нилъеца борхараб балагьалда цере ва нилъерго рагIабазулги ишазулги жавабчилъи нилъедаго тIаде босизе. Тарихалъ цо нухалъ гуро бихьизабураб: Аллагьасул ва инсаниятalъул Къанунал цIуничIолъиялъ чара гьечIого балагьалде рачуна!

Ахирал анкьазда нилъедаго бихьана: халкъазул цолъи – политикияб повесткаялъул кагътида хъвараб хIукму гуро, гьеб ккола нилъер ВатIаналъул, заманаялъ хIалбихьараб, бахъизе кIолареб хъала.

Бокьун буго, гьеб захIматаб ахIвал-хIалалде ккараб дир гьитIинаб республикаялъе кумекалъе рачIаралщиназе кIудияб баркала загьир гьабизе. Баркала нужее, дир кIудияб Россиялъул батIи-батIиял республикабаздаса гьудулзаби. Нужееги баркала къватIисел пачалихъаздаса рачIарал хириял гьудулзаби!

Нужее бутIрул къулун руго Дагъистаналъул чIухIарал мугIруз!

Хамис Шамилова,
*бетIерай редактор*



Сидрат
ГIалибегова

# Гьабе лъикІлъи!

***Дагъистаналда руго гІадамал жидер гІумру гІадамазде бугеб рокьиялъул мисаллъун бачине бегьулел. Гьезул рекІел сахаватлъиялъ сверухъ ругел киназулго ракІал гъвангъизарула. Гьединазул цояй йиго, хІурматияй педагог, «Альтаир» централъул методист, лъабго лъималазул эбел, Сидрат Шамсудиновна ГІалибеговаги. Гьелъул гІумруго буго гьоркьоса къотІи гьечІеб гурхІел-рахІмуялъул ва сахаватчилъиялъул чваххи.***

Дида цее гІодой чІун йиго сабурай, хІеренай, щибаб къойил гьей цее тункулеб къуваталъул цо къатІрацин жиндилъ гьечІеб гІадай гІадан. Амма гьелъ жиндирго гІумруялъулги, хІалтІулги, «Дари Добро Дагестан» абураб волонтеразул къокъаялъулги бицине байбихьарабго бичІчІула: дун йиго къуватай чІужугІаданалда цее. Гьелъухъа кинабго бажарула: лъимал гІезаризеги, жиндирго лъай цогидазухъе кьезеги, къварилъи ккаразе кумекалъул квер бегьизеги.

Сидрат гьаюна тІабигІат берцинаб, гІодобе биччан гІумру чвахулеб, ритІухълъиялъул ва захІматалъул къимат лъалеб Хунзахъ районалъул БакьайчІи росулъ. ГІумруялъул бищунго кІвар бугел дарсал росана гьелъ гьениса: рагІи кьунищ – тІубазе, тІаде босанищ – рагІалде бахъинабе. «Гьедин малъула магІарухъ», – ан абуна гьелъ. Гьеб дарс буго гьелъул гІумруялъул нух гІуцІцІулеб жанисеб компаслъун. Эбел-эменгун Сидратица гІумру гьабуна бекьечІерил ГІарада хъутаналда, гьениб лъугІана гьоркьохъеб школаги.

МугІалимлъи ккола Сидратил рекІел ахІи. «Дие цІакъ рокьула лъимал», – илан гІажаибго хІеренго абуна Сидратица. Гьел рагІабазда нахъа букІун буго лъайкьеялъул хІалтІул 25 сон, гьезул 18 сон гьелъ кьун буго «Альтаир» централъе. Гьелъ байбихьана туризмалъул кружоказдасан, гьанже гьелъ кьола бахІарчилъиялъул дарсал, гІуцІула бахІарзазулгун ва СВО-ялъул гІахьалчагІазулгун дандчІваял, слетал ва конференциял. Амма бищунго аслияб – гьелда лъала лъималазул рекІелъе нух батизе, гьениб жидерго тарихалде, жидерго ракьалде, жидерго маданияталде рокьул мугьал рекьизе. «Лъималазда лъазе ккола жидерго ВатІан», – ян ракІчІун йиго Сидрат. «Туризм ккоЛаро гІицІго тІабигІаталде хьвади, гьеб ккола хІакъикъияб гІумруялъул школа». Гьелъ лъималазда малъула хасаб гарацІ бухьине, сверухъ валагьун вугеб бакІ лъазе, тІоцебесеб кумек гьабизе, жавабчилъи бугеллъун, ракІбацІцІадаллъун ва лъикІаллъун рукІине. Гьелъ гьезда малъула гІумру гьабизе.

Амма щибав къуватав чиясда нахъа букІуна мугъ чІвалеб кьуру. Сидратие гьелъул бетІергьанчи НурмухІамад вуго гьеб кьурулъун. «Гьев гьечІого дида бажарилароан гьаб кинабго хІалтІи цебе бачине», – ян абуна гьелъ. – НурмухІамад вуго божизе бегьулев, ракІбацІцІадав, кидаго ватулев чи. Гьес дие рагІабаздалъунги квербакъула, ишаздалъунги кумек гьабула». Гьезул лъабавго вас гІолев вуго талихІаб хъизаналда.

– Армиялда гІадин букІуна нижер рокъоб, – илан елъана Сидрат, – гьеб «армиялда» цоцазул адаб-хІурмат гьаби тІоцебесеб бакІалда буго.



Дица киданиги лъималазда кьабичIо, хIатта бадибчIвайцин гьабичIо. ХIажалъиги букIинчIо, – ян бицана гьелъ. Ва гьел рагIабаз гъорлъе бачуна кинабниги педагогикияб гIакълу: тарбия кьей байбихьула адаб-хIурматалдасан.

Эбелалъул лъалкIалдасан унев вуго гьезул гьоркьохъев вас: гIадамазе кумек гьабуралъухъ волонтерлъиялъухъ медалги щун буго. ГьитIинав васги жигаралда гIахьаллъулев вуго «Наследники Дари Добро Дагестан» абураб багъа-бачариялда.

«Дари Добро Дагъистан» абураб волонтеразул къокъа гIуцIиялъул пикру бижана пандемиялъул заманалда, гIадамал рокъор къан хутIараб ва кумекалъул хIажалъи хасго хIалуцараб заманалда.

Гъарабудахкент районалъул Губден росулъа Таймасов НурмухIамадица гьеб къокъаялъул тарихалда хасаб бакI ккола. ЗахIматаб ахIвал-хIалалда, къварилъиялда ругезе кумек гьабизе къокъа рагьизе гьаригун Сидратида аскIове вачIарав вукIана гьев. Гьединлъидал «Дари Добро Дагъистан» гIуцIаразул цоявлъунги ккола.

Пандемиялъул заманалда Сидрат, дараби ва кванил нигIматазул пакеталги росун, телефоналдасан ритIарал адресазде гьел щвезарулей, шагьаралда сверулей йикIана. «Полициялъул хIалтIухъабаз, дунги чIезаюн, мун хIинкъуларищилан гьикъулаан. Дица жаваб кьолаан, гIадамазе кумек къваригIун бугилан ва дун унтани, Аллагьас кумек гьабилилан», – абун бицана Сидратица.

Гьей гьел къояз эбел унтугегиян гьарделей йикIана. «Дун цIакъ хIинкъун йикIана эбел ковидалъ унтиялдаса. Гьелъул гIемерал унтаби руго ва хIасил квешаб букIине бегьулаан. Дица Аллагьасда: «ЦIуне дир эбел гьаб нагIана батаяб унтиялдаса. Дун хIадурай йиго кинабго кьезе, гьей унтичIого букIине!» – йилан

гьарана. Цинги ургъана, кинабго кин кьелеб, гIумруги гьабизе кколелъулилан. Ва нахъеги гьарана: «БетIергьан, дихъ бугелъул бащдаб кьезе буго къварилъиялда ругезе, гIицIго гьей хвасар гьае!», – йилан. Эбел унтичIо. Гьей цIунун хутIана. Гьедин бижана «Дари Добро» къокъаялъул аслулъун лъугьараб ахIи: «Ахирисеб – бащадго!» – йилан ракIалде щвезабулеб буго Сидратица.

Жакъа «Дари Добро Дагъистан» ккола, унго-унголъунги кумек гьабизе бокьарал гурони къабул гьарулареб, кIудияб ва цоцалъ рекъон хIалтIулеб команда. Руччабаца ракIарула посылкаби, бихьиназ гьел адресазде щвезарула. Щибаб анкьалъ гьез щвезарула кванил нигIматал, дараби ва хинаб ретIел. «ТIоцебесеб соналъ дицаго гьабулеб букIана кинабго, цIакъ свакан йикIунаан, – илан бицана Сидратица. – Амма гьанже дир кIудияб команда буго. Дица гьезие нухмалъи гьабула, гьез кинабго цадахъ рекъон гьабула».

Гьединго Сидратил рекIелъ хасаб бакI ккола Палестинаялъул халкъалъе гьабулеб кумекалъ. Гьей йикIана Дагъистаналдаса, рагъул бищунго хIалуцараб заманалда, Палестинаялъе кумекалъул квер бегьарай тIоцеесей гIадан. «Щивниги божулев вукIинчIо гьезие кумек гьабун бажариялда, – ян бицана гьелъ. – Амма дун хьвадана, гьардана: «РачIа гьел гIадамазе кумек гьабизе, гьел чIвалел руго, гьекъезе лъим гьечIого холел руго!». Гьелъ щибаб капек рикIкIун хъвана лъица кигIан кьурабали ва кисан кумек щварабали: хъвай-хъвагIаял цIунунги руго. Волонтераздасан гIуцIун букIана Гъазаялъул секторалде гуманитарияб кумек щвезабулезул къокъа. Гьеб гIарцуде Палестинаялъул гIадамазе лъимги чедги битIулеб букIана. Ва Дагъистаналде палестинаялъулал рачIараб мехалда, Сидрат жиндирго къокъагун гьелгун дандчIвана ва гьезулгун гьанжеги бухьенги буго.

Сидратил гIуцIарухъанлъиги, хIаракатчилъиги, дунял-гIаламалъего кумекалъулаб квер бегьизе хIадураб хIалимаб ракIги халлъичIого хутIичIо. ЗахIматаб заманалда хинлъи кьолеб бакъалда, цIад бан хадуб чIчIолеб нуралда, къечарас гьекъолеб мугIрул иццалда релълъинаюн йиго шагIирзабаз Сидрат магIарул ва гIурус мацIалда хъварал шигIрабазда. Гьелъ рикIкIунеб буго кучIдул, жиндие гурел, жинца гурхIел-рахIмуялъул къокъагун цадахъ гьабулеб хIалтIуе хъварал ругилан.

Сидратил кабинеталъул къадал берцин гьарун руго рикIкIен гIемерал шапакъатаз: «Почетный работник общего образования РФ», «Честь и слава Дагестана», «Матери России», «За любовь к Отчизне» медалаз ва гьел гурел гIемерал цогидазги. «СВО-ялъул тIоцересел къояздаса нахъе, нилъер рагъухъабазе кумек гьабулаго, кьижулел рукIинчIо нижь. Гьеб хIалтIи бихьи ккола: нуж хIалтIе, нужер хIалтIи бихьичIого ва къимат кьечIого хутIуларо, ТIадегIанав Аллагьас кидаго кумек гьабула лъикIлъи гьабулел чагIазейилан абулеб жо».

Сидрат ГIалибеговалъул дагъистаниязде хитIаб гIадатияб ва гIакъилаб буго: «ЛъикIал ишал хадур гьаризе тоге. Жакъаго, гьаб лахIзаталъго гьаре. ГIумру къокъаб жо буго, хадуб заман я щвела, я щвеларо. Кинаб лъикIаб иш гьабизе ракIалде кканиги, гьеб жакъаго гIумруялде бахъинабе».

***Гьелъул гIумру цо суратаалда бихьизабизе рес букIарабани, гьенир рахъизе рукIана мугIрул, щулияб галигун борхалъуде яхуней чIужугIадан ва гьелда хадур рекерулел лъимал. Щайгурелъул, гьелъул къисмат буго гьоркьоса къотIи гьечIеб магIарде яхин, щибаб гали сверухъ ругезе кумеклъун букIунеб. Гьеле гьединал руччаби ккола Дагъистаналъул яхI-намусги, къуватги, чIухIиги.***

***Саният Эмирова***

Камила
ХIамзатова



# «Дица коллективалъе эркенлъи кьуна. Мекъиги ккечIо»

***Лъимерлъиялъул заманаялъго дачаялда «журналистлъи» хIалеб букIун батани, цо къоялъ тIубараб телеканалалъул бетIерлъуде тIамизеги бегьула. Гьеб нижеда лъана «Дагъистан» абураб телерадиокомпаниялъул генералияй директор ХIамзатова Камилаца бицун. Гьелъго абуна жеги телевидениялда къоно чIвазеги ццудун бугила, 500 информациялъул иццкисиниб телефоналда жаниб батаниги, гIадатиял СМИял гIадамаз цIехолел ругиан. Щай? РачIаха интервью цIализе. Палихъабазул хIакъалъулъгицин батила нужеда гьаниб.***

***– КъучIчIдасанго байбихьилин: кин дуда ракIалде ккараб журналистлъун яхъине?***

– Дица гуро журналистика тIаса бищараб, дир эбел-инсуца бищана. Дие хIакъикъаталдаги бокьун букIана ветеринарлъун яхъине, яги экономистлъун. Киналго дир гьудулзаби гьенире лъугьунел рукIана. Эбел-инсуцаги дицаги къотIи-къай гьабуна экономикияб ва филологияб факультетазде цадахъ лъугьине хIалбихьизе. КIиялдего йорчIани, дица тIоцебесеб тIаса бищизе. Дун кIиялдего йорчIана. Амма эбел-инсуца къотIи хвезабун батана, экономикияб факультеталдаса документалги нахъе росун.

***– Барщун йикIарайищха эбел-эменгун?***

– Дида гьелъулъги батана диего данде кколел рахъал. ХIалтIуда кватIулей йигони, яги командировкабаз ине кколей йигони, дица гьезда абулаан: «Нужеца гурищ дие гьаб хIалтIи тIаса бищараб», – илан.

***– Щайдай эбел-инсуе бокьун букIараб мун журналистлъун яхъине?***

– Эбелалъ дун хъвадаризе лъикIайлъун рикIкIунаан, хIакъикъаталдаги дица школалда гIезегIан лъикIал сочинениял хъвалаан. Амма дица гьелде кинабгIаги кIвар кьолароан. ГьитIинаб мехалъ дица дачаялда «радиостанцияги» хIалаан: гIагарлъиялда тIад сверун, гьездасан баянал ракIарулаан, хадуб гъотIодасан «эфиралде» кьолаан. Дие гьеб букIана гIицIго лъимерлъиялъул гIадатияб хIай, амма эбелалда гьелъулъ дир гIумрудул нух бихьун батана.

***– Дуца дурго хIалтIул нух байбихьана газетазда хъвадарулаго...***

– Жакъа гIадин ракIалда буго: дир тIоцебесеб макъала бахъана «Дагестанская панорама» газеталда. Дун ана ункъо батIияй палихъаналъухъе ва гьезул щиялъ дие бицана чIанда.



Аслияб къагIидаялъ дида бичIчIана палихъабазда божизе бегьунгутIи. Дагьаб хадуб дун хIалтIизе лъугьана «МК в Дагестане» газеталде.

***– Кинал темабазул интерес дуе букIараб?***

– Дица гIицIго тIуразарулаан редакциялъул тIадкъаял. ТIоцебе дица хъвалеб букIана такъсириял ишазул хIакъалъулъ. Дагъистаналда лъугьунел лъикIал гьечIел лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ лъазе ва хъвазе рекIее захIмалъулеб букIана.

***– Щай дуца хIукму гьабураб тележурналистикаялде юссине?***

– Дир кинабгIаги мурад букIинчIо тележурналистлъун яхъине. Бокьараб, диего рекIее гIолеб бакIалда хIалтIана дун. ХIукму гьабуна хIалтIи хисизе. «ТБС-МахIачхъалаялда» хIалтIулей гьудулалъ абуна жидеца хIалтIухъаби ралагьулел ругилан. Газетазул журналист тележурналистлъун сверизе бигьаяб иш батичIо. Газетазда дуца хIалтIизабула хабарияб къагIида: лъугьа-бахъиназул сипат-сурат гьабула, дандекквеязде, метафорабазде, образазде мугъчIвайги гьабун. Амма телевидениялда гьеб кинабго тIубазабула цебе бихьулеб суратalъ. Текст букIине ккола къокъаб ва гIадатияб. Гьеб хъвазе ккола телеграфалъул къагIидаялъин абизе бегьула. Гьеб дида заманалдасан лъана.

***– РГВК «Дагъистаналъул» нухмалъи тIаде босулаго, кинал мурадал дуца цере лъурал?***

– Лъабго аслияб мурад: харжал цIикIкIинари, хIалтIизе санагIалъаби лъикIлъизари ва ремонт. Дица гьел киналго тIуразаруна.

***– Творческияб рахъалъул бицани?***

– Гьеб рахъалъ дица тIубанго дирго командаялда мугъчIвай гьабула. Творческиял гIадамалгун хIалтIулаго, бищун аслияблъун ккола гьезие сурсатал, шартIал чIезари ва нахъегIан чIей. Гьезул контент гIуцIизе бугеб бажариялъе квал-квал гьабизе бегьуларо. Кинаб букIаниги цIияб жоги ургъун хIалтIухъан вачIани, дица: «ВачIа хIалбихьизе», – йилан абула. Дица рахъ ккола бокьараб пикруялъул. Нижеца гьел гIумруялде рахъинарула ва хадуб балагьула кин ккарабали. ЛъикI ккечIони – щибха гьабилеб. ХIалтIухъабазда бичIчIула гьезул рахъ кколеб букIин ва гьезул проектал гIумруялде рахъинаризе хIадурал рукIин. Дица дирго коллективалъе эркенлъи кьуна. Мекъиги ккечIо.

***– Машгьурал проектазул бицани...***

– Нижер гIемерал рукIана гьединал, амма ахираб заманалда гьарулел проектазул бицунеб бугони, рехсезе мустахIикъаблъун ккола «Сердце воина». Гьеб ккола хасал къуватазул рагъухъабаз ва медицинаялъул хIалтIухъабаз жидецаго бицунеб видеороликазул серия, щай гьел рагъулал зонабазде аралали ва щиб гьезие кколеб ВатIанали. Гьел руго цIакъ рекIелъе ртулел роликал. Нижеца гьеб проект цебетIезабиялъе кIудияб хIаракат бахъичIо – гьеб жибго ана халкъалъул рекIелъе.

Гьеб гуребги, нижер документалияв фильмалги рокьулел руго гIадамазе. КIиго соналъ цебе нижеца бахъана «Батюшка» абураб, Дербенталда чIварав кашишасул хIакъалъулъ, фильм. Гьебги цIакъ лъикI къабул гьабуна, ТIолгороссиялъул «СМИротворец» конкурсалда кIиабилеб бакIги ккуна.

***– ГIадатияб информациялъул алатаздаса байбихьун блогеразде щвезегIан, нус-нус информациялъул иццал ругеб жакъасеб дунялалда, конкуренциялъе телевидениялъул къуваталъе кинаб къимат кьолеб дуца?***

– Узухъда, телевидениялъул гьечIо 15 соналъ цебе букIараб къвакIиги къуватги. ГIадамазеги тIоцебе заманаялъ интерес букIана батIи-батIияв информациялъул алатазул. Гьеб тIасан чвахxизе лъугьараб мехалъ, гIодобе биччараб ва битIараб букIиналда ракI чIчIараб информация бугеб бакI балагьизе лъугьана. Гьединаблъун руго гIадатияб СМИ. Ниж жеги чода рукIиналъул гIаламатлъун ккола рекламаялъул гIарац цIикIкIунеб букIин. Реклама босун рачIунел чагIазда бичIчIулеб буго телевидениялъул кIудияб аудитория букIин.

***– Лъабго соналдасан кинаблъун бихьулеб бугеб дуда телевидение?***

– ГьабсагIаталда кIудияв инвестициял хIажалъулел комплексияв программаби гIуцIиялдаса унел руго, подкастаздехун. Интервьюялъул формат буго балагьулезда гьоркьоб бищунго машгьураб. Гьел рази руго гьезухъ фоналда гIенеккизе, телевизоралдасан ралагьизе, бокьараб формат хIалтIизабизе.

***Кинаб малъа-хъвай дуца гьабилеб байбихьулел журналистазе?***

Бокьараб махщалида, гьездаго гьоркьоб журналистикаялдаги, бищунго аслияблъун ккола гьабулеб иш бокьулеб букIин, рохалил асаргун гьабулеб букIин. Бокьулеб гьечIони, жибго тезе ккола, щайгурелъул



гьелъул хIасил букIине гьечIо. Телевидениялда хIалтIула гIицIго жидерго хIалтIи унго-унголъунги бокьулел чагIи. Цогидал гIемераб мехалъ чIоларо.

***Ва ахиралдаги, дие бокьилаан лъазе: дуца къуватайлъун кинай чIужугIадан рикIкIуней?***

РакIчIун абизе бегьула, цониги къуватай чIужугIаданалъул анищ букIинчIин гьединайлъун яхъине. ГIумруялъ тIамуна гьей. ГьитIинаб мехалда дие бокьун букIана анцIго лъимералъул эбеллъун йикIине. Амма гIумруялъ дие гьединаб рес кьечIо. Лъимал гьитIинал рукIаго лъабго хIалтIи гьабизе ккана дица. Дун хIалтIуде тIадюссараб мехалъ дир васасе букIана 10 моцI. Дие хIалтIизе ине бокьун букIиналъ гуро, хъизаналъ бетIербахъи гьабизе кколеб букIиналъ. Дир тIокIаб рес букIинчIо. Дие цIакъ бокьилаан загIипайлъун йикIине. Амма ахIвал-хIалалъ рес кьечIо. Ва дида ккола цогидал руччабиги гьединабго къагIидаялъ къуваталаллъун лъугьунел ратилилан.

***Гара-чIвари гьабуна***
***Руслан Бакъидовас***



Николай Тихонов

# МугIрузул лъимал

**Исана Россиялда кIодо гьабизе буго машгьурав шагIир, романист ва публицист Николай Тихонов гьавуралдаса 130 сон тIубай. Николай Семёнович чанги нухалъ щвана Дагъистаналде ва ракI-ракIалъ хIайранлъана гьеб мугIрузул улкаялъул тIабигIаталдаса ва гIадамаздаса. 1930-абилел соназул байбихьуда нилъер республикаялде щвараб цо сапаралда гьесул лъай-хъвай ккана Дагъистаналъул машгьурав партиялъул ва пачалихъалъул хIаракатчи Ибрагьим МахIмудовасул гIажаибаб хъизангун, гьесул лъади Аминатгун ва гьезул берцинай, роцIцIараб гьаракьалъул II сон барай яс Резедагун.**

**Чанго соналдасан, рагъ байбихьилалдего, Резеда росасе уна Доргели росулъа рагъулав тохтур ГIисаев Абусайдие ва гочуна Ленинград областалде, гьенив росас хъулухъ гьабулеб букIуна десантниказулгун штурмовиказул бригадаялда.**

**Резедаги Николай Семёновичги цIидасан дандчIвала 1942 соналъ сверун ккураб блокадаялъулаб Ленинградалда. Гьебго соналъ Резедал росасе, хун хадуб, кьола Совет Союзалъул БахIарчи абураб цIар. Николай Тихоновас жиндирго «МугIрузул лъимал» абураб очерк сайгъат гьабуна ГIисаевазул тухумалъе. Гьеб бахъун букIана хъвадарухъанасул «Ленинградалъул къисаби» абураб мажмугIалда.**

«Сверун ккураб Ленинградалъул хасел... КъватIахъ рорхатал гIазул гIансиял, рекарал гордахъан жанибе пулеб цIорораб гьури, рокъоб нартил чирахъалъул кIкIуй ва нуцIаги рагьун жание ячIана чIегIеркIкIуяй, йорхатай, чIурканай Резеда.

– Нужер магIарухъ букIунеб гIадаб рукъ буго, – ян абуна гьелъ. – КъватIиб гIазуги, гьале нартил чирахъги, буртинаги, квачги. – Гьей елъана. – Амма гьанже киса-кибего буго квач...

– Резеда, мун Ленинградалда щиб гьабулей, кин мун гьание ккарай? – ан гьикъана дица тIоцересел рагIабаздаса хадуб.

– Дун цIалулей йикIана, гьанже больницаялда хIалтIулей йиго. Дидаго кIвараб гьабулеб буго. Нижер тIолабго хъизан буго рагъулезда гъорлъ. Циналго бихьинал рагъулел руго батIи-батIиял фронтазда. Дун йиго гьале сверун ккун бугеб Ленинградалда. Дицаги эбелалъги гIумру гьабулеб буго чIобогояб рокъоб, киналго гочун, амма нижее кIудияб гIатIилъи буго...

– Амма дуе, югалъул ясалъе, гьадинаб хасало цIакъ захIматго батула?

– «ЗахIматго» рагIи гьанже хIалтIизабизе бегьуларо. Щибав чияс хIалтIи гьабизе ва кинабго хIехьезе ккола: гьедин букIине ккола. Гьале дун духъе ячIиналъе цоги гIилла. Нижер подъезд къаларо, гьенисан азбаралъуре лъугьине бегьула, азабаралъул чалиялдаса хъарщалги руго рахъун... Добехун буго гараж ва бензадул цIураб бак. Дуда лъалаха, бокьараб лъугьине бегьула. Нилъеда рихьана налетазул заманалда ракетаби риччалел рукIин. Щиб букIаниги гьабизе ккола.

– Щиб букIаниги гьабизе ккола. Лъалей йиго мугIрузул чIужугIадан... Амма щай дуца рагъухъабазул минаялъуб гIумру гьабулеб?

– Дир рос фронталда вуго, гьев рагъулав тохтур вуго...

– Щиб!.. Мун росасейищ арай?.. НекIогойищ?

– Гуро, – ян абуна гьелъ, дагьаб нечон, – гIемер заман гьечIо. Дир рос гIицIго тохтур гуро, парашютистги вуго. Гьев парашютистазда цадахъ кIанцIула, дару гьабула, цIакъ санагIат гьечIищха?

– Гьев вуго бахIарчияв чи, дур рос!.. Гьевги мугIрузул улкаялдасайищ?

– У, нижерго доваса, бахIарчиявги вуго. Нижер хъизаналда бахIарчияв гурев чи гьечIо. Гьанже кив вугевали дида лъаларо, амма гьев гIадада чIезе гьечIо.

Нижеца гIемераб мехалъ лъалел-хъвалел, гьудулзаби ракIалде щвезарулел рукIана ва гьей пахруяб рилълъингун Ленинградалъул цIорорал къватIазде ана.

Хадуб гьоркьо-гьоркьор рихьулаан ниж ва дида лъалаан шагьаралда гьелъул токги гьечIеб, лъимги гьечIеб, цIулги гьечIеб, квине квенги гьечIеб гIумру букIин.

Къасиги къадги хIалтIилей йикIана Резеда. Къаси сменабаз ва захIматаб хIалтIиялъ гьей свакан йикIана, амма гьелъ инкар гьабуна Ленинградалдаса нахъе ине. Полярияб кьварараб гьава-бакъалъ захIмалъиялде ругьунлъаралцин рекизарулел рукIана, амма гьелъ абулеб букIана: «Дун къуватай йиго, фронталдаги захIмат буго», – йилан.

Гьимун гурони кIалъалей гьечIониги бичIчIулеб букIана гьелъие захIматго букIин. ХIалакълъунги йикIана. Гьурмада цохIо чIахIиял чIегIерал берал хутIун рукIана.

Гьелъ бицана Дагъистаналдаса къанагIатго шагьаралде щолел кагътазул. Гьениб хъвалеб букIана Буйнахъскалда пихъ-мичIалъул гьарзаяб бачIин бугилан. Жий тIадюссун ахIулеб Дагъистаналда бищунго





лъикIал чуяздаги рекIун, бищунго лъикIаб ярагъги борчун, берталъе гIадин рагъде ритIулел руго гIадамалилан. ГIемераб мех буго росасдасан щибго хабар щвечIогойилан. ТIоцебесеб къоялдасаго вагъулев гьев вуго унго-унгояв рагъухъанилан.

КIиябго рахъалдасан кьвагьулел артиллериялъул гIарадабаз биххизабураб къварилъиялъулаб сихIкъотIи букIана фронталда. Дун гьудулзабигун цадахъ гIодов чIун вукIана май моцIалъул бакъуца хинлъизабураб рацIцIалъиялда. Нижедаса гъоркьегIан гIарацлъун кенчIелеб букIана хIор. Хъархъазда тIад сверулел рукIана кIалкIучIал. ЦIиял газетал рачIана. Киналго цIалдезе журана.

Циндаго цо гьалмагъас абуна:

– Гьалеха тохтур!.. Тохтурги десантникги цадахъ... МугIрузда гIурав чиги... Парашюталъги кIанцIун, десантникалгун рагъде унев...

– Щиб я? – ян эхеде кIанцIана дун. – Гьев Резедал рос вуго!

– ЧIа, – ян абуна гьалмагъас, – Гьев захIматго лъукъун вуго, амма рекIеде вачIиндал, цIидасан операциял гьаризе жуван вуго. ХIалчIахъад!

– ЦIацIазабуге, – ян абуна дица, – хадуб щиб ккараб?

– ЦIалулеб буго, – ян халат бахъинабуна гьалмагъас, – гьев вуго бахIарчи!.. Гьес анлъго чиясе операция гьабула, цоясда хадуб цоясе, ва жиндирго гьудул вачуна, къварилъи ккани жинцаго кумек гьабизе рагIи кьурав. КIвараб рухIги бакIарун, гьесиеги гьабула операция... – Гьеб бакIалда гьудулас дихъе бегьун бачIана газета: – Дуцаго цIале...

Ва дица цIалана: «ВахIшияб кьабиялъ лъалхъизабуна гьесул цIакъго хIалуцараб черх. Гьесул кодоса алат бортана, лъалхъана, чIаголъи гьечIого вортун ана. БахIарчияв тохтурас, живго къурбан гьавун, доб къоялъ анкьго чиясул гIумру хвасар гьабуна...»

Дица тIокIаб цIаличIо. Газета гIодоб лъуна. Пакъир Резеда! ТIубараб къоялъ дун гьелъул пикрабазда вукIана. Дица хIукму гьабуна, шагьаралде тIадвуссиндал гьей ялагьизе ине.

КIудияб, чIобогояб рукъалъ дида дандчIвай гьабуна рехун тараб рукъалъул сихIкъотIигун. Рекарал гордал рукIана гьороца хIур боржанхъинабулеб маданалде ралагьун. Рокъов чи вукIинчIо. Цо хъаравулас баян гьабуна ахирисей кIиго чIужугIадан некIого нахъе анилан. Резедаца гьадигIан ургъел гьабулеб букIараб гаражалъуса къватIире унел рукIана машинаби. Амма гьей ятичIо. Гьабизе жо букIинчIо.




Дун пикрабазда унев вукIана. Сверухъ байбихьараб кьвагьа-гIанхъиялъгицин ватIагьавичIо дун гьездаса. Рокъове щведал дида басриял кагътазул гохI бачIун батана. ХъахIал, хъахIилал, тIогьилал конвертазул гохIалда гьоркьоб бугоан Резедал гьитIинабго кагъатги.

Гьелъ бицунеб бугоан гIагараб Дагъистаналде нахъ руссунаго эбелгун цадахъ хIухьбахъизе тараб гьитIинабго шагьаралде гьабураб сапаралъул. Гьелъ хъвалеб букIана: «Ниж чIухIарал руго нилъер улка дунялалдаго цохIого цохIо жиндир халкъалъул ургъел гьабулеб улка букIиналдаса».

Дун цIакъ вохана гьей гIагарал мугIрузде тIадюссиналдаса, амма гIажаиблъана росасул хIакъалъулъ гьелъ хъван гьечIолъиялдаса. Жеги лъаларогодай гьелда букIараб ккараб жо, яги жиндирго къварилъи рекIелъ гъваридго букъундай тараб? Цоги, щайдай гьей, гьедигIан къвакIарай ва жиндаго ракIчIарай, Ленинградги тун, нахъе арай?

Дица цIидасан цIалана мугIрузул тохтур Абусаид ГIисаевасул бахIарчияб хвелалъул хъвараб газета ва циндаго ратана дида гьанже гурони рихьичIел мухъал. Лъукъун вегун вугеб мехалъ гьес бицанила Ленинградалда гIумру гьабун йигей жиндирго лъадулги, кватIичIого гьавизе вугев васасулги.

Кьвараарай ва хIеренай Резеда! Гьелъ дида гьеб бицинчIо. Гьей ана гIагарал мугIрузде, бахIарчиял инсулги эбелалъулги мисалги босун, гIун вачIине вугев гьитIинав мугIрул вас гьавизе.

Баркат лъеги Дагъистаналъул гIагарал мугIрузда, гьезул гIазулал рорхалъабазда, накIкIуца рахчарал хъахIилал кIкIалабазда, гьезул ракI къвакIарал берцинал васазда ва ясазда!

***ХIадур гьабуна ГIалав ГIалиевас***

Сабина

ХIусенова



# ГIадамазе пайдаяллъун рукIин…

***Профессор Сабина ТIагьировна ХIусеновалъул пикруялда рекъон, гIелмуялда икъбал щвезе рес букIуна гIалимчиясул лъай батIи-батIиял гIелмиял бутIаби гъорлъе рачараб, гьанжесеб глобалияб медицинаялъул рагьиял гъорлъе рачараб бугони. Дунялалде гIатIидаб бербалагьи букIиналде асар гьабуна, узухъда, инсуца. Насихатчи, кIудияв гIалимчи, гьес яс ургъунго гъваридаб лъай къваригIунеб нухде ячана ва гьелъул пикру гIелмияб цIех-рех, ракIчIей ва энциклопедиялъулаб лъай къваригIунел гъваридал рахъаздехун буссинабуна.***

***Хъизан***

Нилъеца гьаниб бицуней Сабина ХIусеновналъул эмен ТIагьир Сайдуллагьович ХIусенов вукIана дунялалдаго машгьурав гIалимчи. ГьитIинаб лъарагIазул Щара росулъа гьев вахъана Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул рахъалъ машгьурав чилъун, медицинаялъул гIелмабазул докторлъун, профессорлъун, инсанасул анатомиялъул кафедраялъул нухмалъулевлъун, цаби-гIусазул факультеталъул деканлъун.

Эбел, Рукижат Мамаевналъ лъугIизабуна ДГУялъул химиягун биологиялъул факультет ва хIалтIана ЖКХялъул министерствоялда. Жиндирго гIумру хъизамалъе кьуна гьелъ.

Сабина ТIагьировналъ бицана хъизамалда тохтурлъиялъул цIар букIанилан.

– Дир кIиявго кIудияв вац СахIибги Сабирги рукIана меседил медалисталлъун. ДГМИялъул стоматологиялъул кафедраги лъикIаб хIасилалда лъугIизабун, гьел лъугьана гьанжесеб стоматологиялъул рахъалъ цебесеб кьералъул эксперталлъун. Дицаги лъугIизабуна гьоркьохъеб школа, нижер хъизаналъул гIадаталда рекъон, меседил медалгун. Нижер рукъ цIун букIана батIи-батIияб гIелмиябгин художествияб литератураялъул. Рукъалда аскIоб букIараб тIахьазул тукадаса тIехьги босун, тIаса яхъинчIого цIалулаан дица гьеб. ЦIакъ рокьулаан гIурус мацIалъул ва литератураялъул дарсал. Сочинениялги рукIунаан дир классалда бищунго лъикIал.

***Инсанасул анатомия…***

Сабина гIенеккулаан инсул харбазухъ, гьес жиндаго тIад хIалтIи гьабулеб куцалъухъ, кигIан заман гьес инсанасул анатомиялъул гьанжесел цIех-рехазе кьолеб бугебали, гIелмиял цIех-рехал гьес практикаялда кин хIалтIизарулел ругелали.

– Гьесие цIакъ рокьулаан гIелмияб пикруялъул студентал, – ян бицана Сабина ТIагьировналъ. – Гьесул нухмалъиялда гъоркь кандидатлъиялъул ва докторлъиялъул диссертациял цIунарал рикIкIен гIемерал аспиран-




таз къимат кьолаан жидерго учителасул цIиял гIелмиял рахъал цебетIезаризе бугеб хасаб бажариялъухъ.

Меседил медалгун Сабина ТIагьировна цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъул институталъул лечебный факультеталде ва, хъизаналъул гIадатги цIунун, гьебги тIокIлъигун лъугIизабуна. Гьелъул анищ букIана акушер-гинекологлъун яхъине ва жинцаго тIаса бищараб махщелалда рекъон интернатура лъугIизабуна. Гьей чанго соналъ хIалтIана гинекологиялъул оперативияб отделениялда. Ва хъизанги кIиго лъимерги бугеб мехалъги гьелъ жиндирго хIалтIи къаси сменабазда цадахъ бачунеб букIана.

– Дие цIакъ бокьун букIана инсуда бихьизабизе дида бокьараб захIмалъиялдаса бергьине кIолеблъи.

## ГIелмияб нух...

Заманалдасан Сабина ТIагьировналъул пикру бачIана гIелмияб хIалтIуда тIад чIезе ва дарсал кьезе.

– Дида бихьулеб букIана дир эмен дунялалъул бокьараб бакIалда цIалулел лекциязде, докладазде ва гIелмиял конференциязде хIадурлъулев вукIараб куц. Ва диеги бокьана гIелмиял цIех-рехаздалъун машгьурлъизе. 2003 соналъул байбихьуда дун лъугьана Дагъистаналъул медакадемиялда инсанасул анатомиялъул кафедраялде. Дир диссертациялъул тема букIана: «Морфология лимфоидных образований в стенках желудка, подвергающихся бальнеологическим факторам» абураб. Гьебго темаялда тIад гIатIидго хIалтIун, дица цIунана докторлъиялъул диссертацияги: «Морфология лимфоидных образований и лимфатического ложа малого кишечника при обезвоживании и коррекции». ЦIех-рехазул хIасилал рахъана гIемерал Россиялъул ва халкъаздагьоркьосел гIелмиял журналазда.

Сабина ХIусенова ккола гIелмабазул доктор, чанго лъай кьеялъулгун методикияб басмаялъул ва пособиязул автор, инсанасул анатомиялъул кафедраялъул нухмалъулей, А. Къа-

дировасул цІаралда бугеб Чачаназул пачалихъияб университеталда диссертациязул советалъул член, гистологазул ва эмбриологазул анатомиялъул морфологияб гІелмияб жамгІияталъул Дагъистаналъул филиалалъул председатель. Гьелъ къватІибе биччан буго анлънусгоялдаса цІикІкІун гІелмияб макъала.

2013 соналдаса нахъе Сабина ТІагьировналда божилъи гьабун буго стоматологиялъул факультеталъул, хадубккун лечебный факультеталъул деканасул заместителасул хІалтІи.

### *Хисуларел хІакъикъатал...*

Гьанжесеб гІелалъул пикру гьабулаго, Сабина ТІагьировнаялъ абулеб буго жакъасел цІалдохъаби цересел выпускниказдаса гІезегІан батІияв ругилан. ГІолилал ккун руго идеологияб гъалмагъиралъул, нух камиялъул, гІолилазул политикаялъул мухІканлъи гьечІеб ахІвал-хІалалъул къорикье. Тохтурасул хасияталъе мугІрузул къанунал хисизе бегьуларелльун хутІизе ккола: сабру, гІакълу, жиндирго ватІаналде рокьи, чІахІиязул адаб-хІурмат, жиндирго хъизан, гъансито цІуни.

Гьелъул кидаго бицунаан инсуца: гІумру гьабизе кколила гьанжесел гІадатазда рекъон, гІадатияб гІумруялъул къагІидабиги цІунун. ВатІан гьечІев, кьалбал гьечІев, тарих гьечІев чилъун вукІине бегьуларила инсан.

Сабина ТІагьировна мукІурлъула студентазулгун ракІ рагьараб хабар бицине ккеялъе.

– Дида бихьула дир студентазе гьеб къваригІун букІин. Гьезул гІемерал щакдараби рукІуна, гьел гІедегІахъдула, гІумруялда жаниб жидерго бакІ балагьулаго. Гьаб заманаялъ гІадатияблъун ккола хъизаназулгун бухьен гьечІолъиги, гьезие кІвар бугеб жолъун ккола гІицІго диплом щварав специалист вахъин. Гьезда бичІчІулеб гьечІо гІолилазе гІакълу ва мугъ чІвазе бакІ къваригІун букІин гьаб рахІатхвараб дунялалда.

Дица гьезда малъулеб буго дир гІакъилав инсуца дида малъараб – гІадатияб ислам, мадугьаласе кумек, херав ва загІипав чиясе тІалабагъаз – гьеб буго ТІадегІанав Аллагьасул къуваталда божи.

### *ХадубрагІи*

Хъизаналъул бицунаго, Сабина ТІагьировналъ загьир гьаруна жиндирго тІурачІел анищал: «Ниж тІолабго хъизангун анищазда рукІана, инсуца кІудияб тІугьдузул квацІигун дир гьитІинав АхІмад школалде нухарегІилилан, кІудияв вас Вагьабил берталъ кьурдилилан, яс ПатІиматги жиндирго талихІаб гІумруялде тІойитІилилан. Хъвай букІун гьечІо. Амма гьел киназдасаго кІудада чІухІизе бегьула. Вагьабица лъугІизабуна РФялъул хІукуматалда цебе бугеб финансазул университет, гІумру гьабун вуго Москваялда, хІалтІулев вуго Федералияб казначействоялда. Яс ПатІимат цІалулелй йиго медакадемиялда. Гьелъул анищ буго бищунго вокьулев кІудадал цІаралда клиника рагьизе. АхІмад жеги школалда цІалулев вуго».

***БукІинеселъул пикру гьабулаго Сабина ТІагьировна мукІурлъана, жинда бичІчІулеб бугила кафедраялъул нухмалъулей ва студентазул насихІатчІужу хІисабалда жинда тІад бугеб кІудияб жавабчилъи – гІолохъанал тохтурзабазулъ аслияб къагІидаялъ куцазе ккола гІадамазде рокьи ва хІажалъидал кумекалъе рати...***

***ГІайшат ТІажудинова***



ПатIи
Рамазанова

# Нужерго ресазе гIорхъи чIваге

***ПатIи Казихановна Рамазанова ккола республиканда цIаррагIарай рагIул устар. Шималияб Кавказалул ВГУЮ институталъул и гуманитариял дисциплинабазул кафедраялъул нухмалъулей хIисабалда, гьелъ Дагъистаналда кIвахIтун тIибитIизабулеб буго ораторасда гIадин кIалъазе лъай. Цодагьаб цебе гьелъ къватIибе биччана берцинго кIалъазе лъаялъул жиндирго курс. Гьелъухъе лъаялда хадур рачIунезда гъорлъ, кIудиял мурадалгун цере унел гIолохъаби гурелги, жидерго гьаракь эркен гьабизе бокьарал машгьурал политикалги, юристалги, бизнесменалгицин руго.***

***– Кидал мун гьеб ораторазулаб искусствоялде машгъуллъарай??***

– Дие Дагъистаналул пачалихъияб университеталъул филологияб факультаталда лъайщвеялул тIалихI ккана. Абизе бегьуларо нижее «лекциял» цIалулел рукIанилан – гьел рукIана дунялалъул даражаялъул гIалимзаби – жидерго иш кутакалда лъалел Лира Ивановна Мегаевалъ, Ума Садикъовна АхIмадовалъ, Николай Алексеевич Горбаневас жидерго хIалбихьи нижгун бикьулеб лахIзат. Дида ракIчIун абизе кIола, дие, специалист хIисабалда, тIоцIебесеб бакIалда бугин гIелмияб кучI, кIванагIан лъикI гьаракьгун хIалтIизе рес кьолеб.

ТIоцебе дир риторикаялъулгун лъай-хъвай ккана ТIолгороссиялъул пачалихъияб юстициялъул университеталда хIалтIулеб мехалда. ЦIалдолезда цебего ракIалде ккун батила: «Юристаз гIумру гъабулеб чIинкIиллъиялда филологас щиб гьабулеб букIараб», – илан.

***– Гьезул рокьи ккезабулеб?***

– Гьебги бегьула (елъулаго). Амма тIоцIебесеб иргаялда гьезул рокьи ккезе ккола рагIиялъухъ. ТIубараб аудитория кодобе босизе кIвезе ккола гьезда рагIабазул кумекалдалъун.

***– Дида лъалеб бакIалдаса гIебеде, мун йикIана нужерго университетда судалъул экспертазул кIалъазе лъаялъул къецазул гIуцIарухъан. Гьединго гьеб бихьизабуна телевизоралдасан «Человек и право» абураб программаялда жаниб.***

– БитIараб. Байбихьуда къец тIобитIулеб букIана вузалда жаниб, амма доб мехалъ нижер нухмалъулевлъун вукIарав Багьавдин МухIамадович МухIамадовас гIакълу кьуна гьеб къец регионалияб даражаялда гIатIид гъабизе, гьедин ккана ахир-къадги. ГьабсагIат студентал хIадурулел руго Ростовалда цере рахъине. Гьанжесев директор ХIусен Багьавдиновичасги кумек гьабула нижее гьединал лъикIал тадбиразде хIадурлъизе.

***– Хадубккун машгьурлъанищ гьел къецазул гIахьлъалчагIазул цонигияв?***

– РакIалда йиго дица халкъаздагьоркьосеб къецалде хIадур гьаюрай гIолоханай Саида Лугуева. Гьелъ




жийго йихьизаюна лъикІай ораторлъун ва тІоцересел лъабгоязул сихІалде гъорлъе ккана.

***– ПатІи Казихановна, дида лъала мун Республикаялъул студентазда гьоркьоб кучІдул рикІкІиналъул къецІалъул гІуцІарухъан йикІинги.***

– У, нижеца гьеб Дагъистаналъул культураялъул Министерствогун ва Поэзиялъул театргун цадахъ тІобитІула. Гьелъ кумек гьабула шигІрияб искусство халкъалда гьоркьоб тІибитІизабизе, адабияталде рокьи бижизабизе, творческияб рахъалъ цеветІезе.

***– Университеталда риторика кьолеб букІарабищ дуе?***

– БукІинчІо. Нилъер пачалихъалда гьеб предметалде кІварго кьолароан.

***– Студентазулгун гьабураб хІалтІиялъ кумек гьабурабищ дурго курс рагьизе?***

Преподавателасул хІалтІиялъ гІумру цо рахънисан бачуна. Дун гьоркьоса къотІичІого гІолилазулгун бухьеналда йиго: гьез бицунебги, кин абулебалиги рагІула дида. Дур суалалъе жаваб хІисабалда абила, дица ораторазул курс рагьизе хІукму гьабуна студентазул ва гьудулзабазул гьариялда рекъон.

***– Дудаго тІад хІалтІулейищ мун, тІадеги курсал росулищ?***

– Узухъда. Дида бичІчІула дунги цее ине кколейлъи. Аслияб дир бергьенлъилъун дицаго рикІкІуна нилъер пачалихъалда машгьураб «Король говорит» абураб ораторазул искуствоялъул школалъул багІараб диплом.

***– Дурго ораторазулаб курсгун мун кин хІалтІулей?***

– Дица дарсал кьола МахІачхъалаялда, «Дом знаний» школалда. Программа ургъун буго моцІалъе. Дица гьеб ургъун букІана теориялъул рахъалъ бищун дагьаб къадаралда дарсал рукІунеб къагІидаялъ, гІемерисеб заман практикаялъеги кьун.

Дица кидаго кІвар кьола къадаралде гуреб, даражаялде, гьединлъидал дир букІуна гІицІго Іо чиясдаса гІуцІцІараб къокъа. Дарсал уна цІакъ чІаголъиялда. Цадахъал дарсаз рес кьола гІадамазе цІикІкІун цоцазда кІалъазе, ракІ рагьизе ва жаваб щвезе, гьенир кІалъалелги гІенеккулелги рукІунелъул.

Дун йохула, курсалъул ахиралде щолаго, дир цIалдохъабазул гьаркьал хисулел куц бихьун — гьеб лъугьуна ракIчIараблъун, жаниб цIураблъун. Гьединго гьел ругьунлъула жидерго тембралда тIад контроль гьабизе ва рагIабазул дандраял якъинго ва магIнаялда абизе. Байбихьуда цо-цояздa рихун рукIун ратани жидерго аудио -сообщениял, заманалдасан гьезие рекIее гIезе лъугьуна жидехъго гIенеккизе. Амма курс лъугIиялъул магIна кколаро живго жиндаго тIад хIалтIизе кколарилан абураб. Гьеб гIумруялъго тезе бегьуларо.

***– ГIадамал эркенго кIалъан бажарунгутIиялъе аслияб гIилла щиб?***

– Аслияб къагIидаялъ гьеб ккола батIи-батIиял гIиллабаздасан лъугьараб хIинкъи. Нилъер киназулго лъимерлъиялдасанго букIуна гьеб хIинкъи. Ва, квеш ккараб жо, щибаб лъимералда гуро рагIулеб: «Дуда гьеб гьабизе кIола. Духъа кинабго бажарула», – ян эбел-инсул калам. Цо-цоязда хIатта абула: «Кколарелъуве ваккуге, кIалги данде бачун чIа», – ян.

Дица дирго киналго цIалдохъабазе мисалалъе вачуна, гьитIинго кIалъазе кинаб букIаниги махщел букIинчIев, греказул кIудияв оратор Демосфен.  Амма гьелъ гьесие квалквал гьабичIо ораторлъиялъул рахъалъ гьединал борхалъабазде вахине. Демосфенил къуват букIана, сихIруялъулъ гуреб, жиндирго гIумруялъул мурад якъинго бичIчIиялъулъ – ритIухълъи гьечIолъиялде данде къеркьеялъулъ ва Афиназул эркенлъи цIуниялъулъ.

***– Дур практикаялда дандчIванищ гьединабго мурадалъе гIоло къеркьеялъул мисал?***

– Колледжалда дир цо студенталъул мацI бараб букIана. Гьединлъидал, киналго студентаздаса тIалаб гьабулел абундачал дица гьелдаса тIалаб гьарулароан. ГIадамазда цее яхъун кIалъазе гьей нечолаан ва киназдасаго батIаго ячIунаан дихъе. РакIалдаго гьечIого гьей дир ораторазул курсазде хьвадизе лъугьана. КIвахI лъачIого жиндаго тIад хIалтIиялъ, гьелъухъа бажарана эркенго кIалъазе ва абундачал такрар гьаризе, тIубанго мацI бай лъугIичIониги.

***– Дур программаялъул кинаб хаслъи бугеб цогидаздаса батIияб?***

– Дица хIаракат бахъула дирго цIалдохъабазулъ цIалиялде рокьи бижизабизе. ГIицIго жиндаго божи, харизма, халкъалда цебе кIалъаялъул батIи-батIиял къагIидаби лъазари гIоларо. Дица кIвар кIола художествияб литература цIалиялде, гьелъ кумек гьабула рагIабазул нахърател гIатIид гьабизе, пикру цебетIезабизе, калам гIуцIизе. Гьеб кинабго кIиго нухалъ цIикIкIинабизе бегьула, гьаракь борхун цIалани. Гьединго, нужеда лъикI бичIчIизе байбихьула нужгоги дунялги, кIалъалевги гIенеккаравги.

***– Халкъалда цебе кIалъай гIицIго жамгIиял хIаракатчагIазе хIажатаб жойищ?***

– Гуро. ХIинкъичIого, берцинго кIалъазе, гара-чIвари гьабизе, жиндирго пикру загьир гьабизе, гьеб цIунизе бажари кидаго букIана ва буго гIицIго хIалтIул рахъалъ цебетIеялъе гуребги, гIаммаб куцалда гIумруялъулъ бергьенлъабазул кьучIлъунги.

Дие бокьун буго «МагIарулай» журнал цIалулезде хитIаб гьабизе: нужго нужедаго, нужерго бажариялда щаклъуге ва нужерго ресазе гIорхъи чIваге. Кинабго нужехъ буго!

***Аида Бабаева***



Узлипат
ХIасанова

# ГӀелмуялъул борхалъабазде нух

***Августалда жиндирго юбилей кӀодо гъабулеб буго филологиял гӀелмабазул доктор, Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул ва ТӀолгороссиялъул Юстициялъул пачалихъияб университеталъул Шималияб Кавказалъул институталъул профессор, Дагъистан Республикаялъул лъайкъеялъул мустахӀикъай хӀалтӀухъан, Халкъияб Собраниялъул член Узлипат ГӀусмановна ХӀасановалъ. Гьей ккола, гӀалимчӀужу гурейги, берцинай, къадру-къимат бугей гӀадан, йокъулей лъади, лъабго лъимадул эбел, лъабго гьитӀичазул хӀеренай кӀодоэбелги.***

Узлипат ХӀасанова гьаюна Хайдакъ районалъул Кирцикъ росулъ. Гьелъул лъимерлъи ана рахьдал мацӀги, гӀадаталги, маданиятги щибаб къойил гӀумруялдаса батӀа гьабизе кӀолареб росдал сверухълъиялда. Гьениб рахьдал мацӀ тӀабигӀияб къагӀидаялъ рагӀула – гара-чӀвариялда, кучӀдузда, хъизаналъул харбазда, маргьабазда. Гьеб сверухълъиялъ батила гьелъул рахьдал мацӀалдехун гъира бижизабураб.

1983 соналъ Узлипатица лъугӀизабуна Хайдакъ районалъул Шиляги росдал гьоркьохъеб школа ва цӀализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологияб факультеталде. ЦӀалулеб заманалда церетӀуна гьелъул цӀех-рехалъул интересал. Гьеб лъугӀун хадуб гьей йитӀана гӀагараб Шиляги росдал школалде, гьениб кӀиго соналъ рахьдал ва гӀурус мацӀазул дарсал кьуна. 1990 соналда гьей цӀализе лъугьана Россиялъул ГӀелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гӀелмияб централда бугеб аспирантураялде ва байбихьана некӀсиял хъвавул памятниказда тӀад хӀалтӀизе ва тарихияб гӀелмуялъул къагӀидаби лъазаризе. Дагь-дагьккун загьирлъана гьелъул букӀинесеб гӀелмияб цӀех-рехалъул рахъги.

Узлипат ГӀусмановналъ гӀемерал соназ дарсал кьолел руго университеталда. Гьелъул лекциязда цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабула рахьдал мацӀалъул берцинлъиялъулгун ва мацӀазул гӀелмуялъул аслуялъулгун.

Узлипат ХӀасановалъул цӀех-рехалъулаб ва педагогикияб хӀалтӀуе щвана мустахӀикъаб къимат: гьей ккола ДГУ-ялда бугеб «Дагъистаналъул халкъазул хъвай-хъвагӀай гьечӀел мацӀал» абураб цӀех-рехалъулаб лабораториялъул нухмалъулей, ДГУ-ялъул Дагъистаналъул мацӀазул кафедраялъул профессор ва ВГУЮ -ялъул социалиялгун гуманитариял дисциплинабазул кафедраялъул профессор. Гьей ккола гӀелмиял диссертациялъул советазул ва редколлегиялъул член. Цадахъ хӀалтӀулез ва студентаз кӀвар кьола гӀелмияб кьвариги инсанасул хинлъиги цолъизабизе гьелъул бугеб къанагӀатаб бажариялде. Гьелъул кафедраялда кидаго букӀуна хасаб ахӀвал-хӀал: хӀаракаталъе къимат кьола, щива-



сул пикруялъул адаб гьабула, гIелму рикIкIуна хIакъикъат балагьиялъул гIаммаб къеркьейлъун.

– Дир гIумру батIияб къагIидаялъ ине рес букIинчIо. Дун йиго педагогазул тухумалдаса. Дир эмен, филолог, ГIусман ХIасановичас 52 соналъ районалъул школазда дарсал кьуна. Дир инсул вацги хIалтIана биологиялъул учителлъун тIубараб гIумруялъ. Инсул рахъалъ кIудада вукIана росдал тIоцевесев педагог. Педкурсалги лъугIизарун, гьес байбихьана школалда хIалтIизе ва хвана фронталда. Дир тIоцеесей учительница йикIана эбелалъул яц. Нижер Шиляги росдал школа бан буго дир умумузул ракьалда: гьез жидерго ракь сайгъат гьабуна росулъ почта ва школа базе, – ян ракIалде щвезабуна Узлипатица.

Узлипат ХIасанова ккола 180-ялдаса цIикIкIун гIелмиял хIалтIабазул автор, гьезда гьоркьоб 25 макъала ВАКалъул ва халкъаздагьоркьосел Scopus ва Web of Science (WoS) базабазда гъорлъе унел журналазда. АнцIила ункъо монографиялъул ва цIалул тIахьазул авторги йиго гьей. Гьелъ гIахьаллъи гьабула халкъаздагьоркьосел гIелмиял конференциязда, конгрессазда, симпозиумазда Стамбулалда, Тулписалда, Бакуялда, Москваялда, Майкопалда, Пятигорскалда, Грозныялда ва Россиялъул цогидал шагьаразда. 2014 соналъ гьелъ лъугIизабуна Парижалъул Сорбоннаялда цIех-рехалъулаб стажировка.

– Дида киданиги ракIалдецин ккун букIинчIо дирго гIумру халкъияб кIалзул гьунаралъе кьезе. Гьеб жибго жиндасанго лъугьуна. Ахир-къадги гьеб ккола нилъер тарих, культура, кьалбал, ракIалдещвеял, нилъер халкъалъул рухI», – ян мукIурлъана гьей. Узлипат ХIасановалъул гIелмиял хIалтIаби лъугьана классикияллъун ва гьез кьучI лъуна гIемерал гьанжесел цIех-рехазе. Гьелъул хIалтIулъ бищунго кIвар бугеблъун ккола проблема бихьизе бажари, анализ гьабизе лъай ва захIматал масъалабаздаса хIинкъичIого йикIин.

***– Школалъул цIалдохъабазда гьоркьоб халкъияб кIалзул гьунар машгьур гьабизе кколищ?***

– ГьабсагIаталда халкъияб кIалзул гьунар халкъалда гьоркьоб тIибитIизабиялъул кIудияб кIвар буго. Фольклорги, рахьдал мацIалго гIадин, гIун бачIунеб гIелалда гьоркьоб «модаялде бачIинабизе» къваригIун буго.

***– Гьанжесеб гIелмуялда жаниб сундул дуе ургъел бугеб?***

– Дир рахIат хвезабулеб буго жакъа гIолилазул гIелмуялда тIад хIалтIизе гIемер гъира гьечIолъиялъ. Гьеб хурхараб батила мухь дагьаб букIиналда. Миллиял мацIал цIуниялъе ва церетIезариялъе дицаги гьалмагъзабазги къватIире риччана, Дагъистаналъул халкъазул 14 мацIалда аслиял рагIабазул дандраял ва предложениял гъорлъ ругеб, цогидаздаса батIияб разговорник.

ГIелмияб агьлуялдаса къватIиехунги Узлипат ГIусмановна ХIасанова лъала сахаватай гIадан хIисабалда. Республикаялъул жамгIиябгун политикияб гIумруялъулъги дагьаб гьечIо гьелъул жигарчилъи. «Щай дуца депутатлъун яхъине хIукму гьабураб?» – ян гьикъидал, гIадамазул къварилъабазул ургъел гьечIого рукIине бегьуларилан жаваб кьуна гьелъ.

– Дица хIукму гьабуна пандемиялъул заманалда «Единная Россия» партиялъул депутатлъун яхъине, щайгурелъул гьеб заманаялъ якъинлъана медицинаялъул, социалиял ва лъайкьеялъул суалал хехго тIураялъул кIвар. Депутатлъун яхъаралдаса нахъе дица бакIарулеб буго СВО-ялъул рагъухъабазе гуманитарияб кумек. Ункъо мухъалде: Курск, Белгород, Луганск ва Запорожье областазде гуманитарияб кумекалъул цIурал кIудиял фураби ритIана. Гьединго «VIP-Кулинария» абураб кулинарияб школалда рагьана СВОялъул къуватазе камуфляжалъул гьин бессизе мастерская. Дир рос ГIалихIажица жинцаго гьаруна гьелъие станокал. Гьединго, нижее кумек гьабула волонтераз, студентаз, журналистаз, артистаз, медсестрабаз, пенсиялда ругез. Дица кIвараб кумек гьабула СВО-ялда чIварал рагъухъабазул лъудбузе ва улбузе. КIиго нухалъ гьабураб кумекалъухъ мустахIикълъана СВО-ялъул командованиялъул баркалаялъул кагътазеги

***– Дур эркенаб заман букIунищ?***

– ЦIакъ къанагIатго. Дир хIалхьи гьабулеб бакIлъун ккола дир хъизан. Кидаго сундулъго дие кумекалъе ватулев бетIергьанчи ГIалихIажилги дирги руго лъабго лъимал. КIудияй яс Лейла ккола юрист, гьелъ ДГУ-ялда аспирантура лъугIизабуна ва кватIичIого цIунизе буго кандидатлъиялъул диссертация. ГьитIинай Зумрудица лъугIизабуна Астраханалъул медицинаялъул университет ва Москваялда Пироговасул цIаралда бугеб РНИМУ-ялда ординатура. Москваялда тохтурлъун хIалтIулей йиго. Вас МухIамадги вуго юристлъун цIалулев. Дир лъабго ясакIабиги руго, – ян гьимана гьей.

Эбел хIисабалда, Узлипат ХIасановалда кIвана лъималазухъе хъизаналъул къиматаб щинаб кьезе: лъай бокьи, хIалтIул адаб гьаби, гIадамазе лъикIлъи гьабизе гъира. Гьезул рукъ кидаго букIана хинлъиялъул, цоцада ричIчIиялъул, квербакъиялъул бакIлъун.

– Рокъой йикIине рес щвараб къанагIатаб лахIзаталда дица хайдакъазул угьулеб жо босула кодобе – гьеле унго-унгояб рекIее парахалъи. Дида угьизе гуребги, гьел угьарал гIаламатазул магIна гьабизеги лъала, хайдакъазул харабазулгун хабар-кIалада йикIине щвеялъ, – илан бицана гьелъ.

КIодоэбеллъун яхъиндал, Узлипат ГIусмановналъ рагьана жиндирго цоги цIияб рахъ. Лъималазда цее гьей, гIалимчIужу яги парламенталъул депутат гурей, гIажаибал маргьаби рицине, татуяб даргиязул цIурабчед бежизе, гара-чIвариялъе заман батизе лъалей, недегьай дахIабаба йиго.

***Узлипат ГIусмановна ХIасановалъул хаслъи щиб? Гьеб буго къанагIатаб, кьварараб, аналитикияб пикруялъулъги гьеб кинабго жанибе бачараб чIужугIаданалъул хIеренлъиялъулъги.***

***Виолетта Ратенкова***

Юлия
Ярайкина



# Лъимал – долго чIахIиял, гIицIго хIалбихьи дагьал

СихIкъотIиялъул заман. ГьитIинал хъачагъал кьижун руго (яги кьижарал ххвелал гьарулел руго – лъида лъалеб?). Дун лъугьана гIурччинаб рокъое, амма хIакъикъаталда «балъгояб ах» букIун буго — бихьулищ, дир беразда батIаго бихьулеб.

– Гьадае ялагье, – ян гордухъе ячана дун Юлия Ярайкиналъ, биххун унеб багIараб чердакги кIкIуйтIалаги бугеб рукъалдехун кверги битIун, – Хъартайгиха нижер мадугьал.

– Дов примусал къачIалев чиги ватила.

– Гьесул бицинегойищха ккелеб).

Дунги Юлияги цоцада некIогоялдаса лъала: дандчIвала гьатIан къоялъул цIалиязда, хьвадула «Куклоград» выставкаялде, цо-цо мехалъ ракIалдаго гьечIого ДГУялъул филфакалда цебе дандецин ккезе бегьула.

– БитIараб бицани, дида учительлъун хIалтIизе ракIалда букIинчIо. Дир анищ букIана таржамачIужулъун яхъине, жо ккечIо. Ана тIубанго батIияб рахъалде, МТСалде. Гьеб букIана цIакъ интересаб хIалтIи.

***– Кидаха дуца хIукму гьабураб логопедлъун яхъине?***

– РакIалдаго гьечIого, кIудияв вас гьавидал. Гьесул букIана гьитIинабго каламалъул хатIа, хекко нижеда тIубазабизе кIвараб. Гьеб мехалъ ккана дида ракIалде: «Бугеб лъикIаб махщел!» – илан. Доб мехалъ ниж гIумру гьабун Ростовалда рукIана ва дун цIалана Югалъулаб федералияб университеталда логопедазул курсазда. Гьениб нижее физиологиялъул, нейробиологиялъул, нейропсихологиялъул цIакъ пайдаял лекциял цIалана. Дир букIараб лигвисталъул лъай букIинесеб махщалие лъикIаб кьучIлъун лъугьана.

Курсал лъугIун хадуб улбузул форумалда дун дандчIвана Ростовалдаса лъикIай логопедгун, гьелъ дун ахIана жиндирго анкьил ахиралда тIоритIулел курсазда практика гьабизе – хасал лъималазе ва гьезул эбел-инсуе рекIелгъеялъе тадбирал тIоритIизе кумекалъе. Гьелъ логопедиялъул бутIа тIубазабулаан, дица творческияб рахъ бачунаан. Гьенир рукIана батIи-батIияб сакъатлъи бугел лъимал. Дун гьезда гурхIун, ракIбакъван лъугьинчIо. Дида бичIчIана гьел, гIицIго цIикIкIун кIвар кьезе кколел, гIадатиял лъимал рукIин. Гьединай хIикматай насихатчIужуялъул кумекалдалъун дун лъугьана хаслъи бугел лъималгун хIалтIизе.

***– Логопедия ккола гIолохъанаб, жеги цебетIолеб бугеб гIелму. ЦIилъабазда хадуй гьезе захIмалъулеб бугебищ?***

– БитIараб, гьелъие къваригIуна кидаго цебетIей. Дун хьвадула мастер-классазде, семинаразде, тренингазде. Цее дун гIемер унаан Ростовалде, амма гьанже онлайн-форматалъул цIакъ санагIалъи буго. Дида ратана лъикIаб лъай кьолел учительзаби. МахIачхъалаялдаги буго цIакъ къуватаб логопедазул цолъи, рачIуна цIар рагIарал спикералги. Руго жидер хIалбихьи цогидалгун дандбалел ва къимат кьолел ватсап-къокъаби. Гьединго, психологал, физиологал ва тохтурзаби данделъун, тIоритIула конференциял.

***– Кинал гIиллабаз лъимал рачунел калам кватIиялде?***



– ГІемериселъ гьелъие гІиллалъун букІуна лъимер гьабилалде ва гьабулаго ккарал гІунгутІаби. Гьеб гІиллаялдалъун гІадалнах битІун хІалтІуларого лъугьуна. Узухъда, руго генетикиял унтабиги (Даунил синдром, аутизм). ГІалимзабаз жеги тІубан чІезабун гьечІо аутизм унтиялъе гІилла, амма гІемерисел генетика бугилан абураб пикруялде гьетІулел руго.

***– Дагъистаналда щибаб «эбел-инсул къокъабазда» унго-унгояб рагъ унеб букІуна лъималазул прививкабазда хурхун... Масала, рагІула вакцинабаз лъималазул цебетІей кватІизабулеб бугин абураб пикру... Дуца кинаб жаваб гьабилеб гьеб хІалуцараб суалалъе?***

– Аутизм прививкабазда хурхинабиялъ дагІба-рагІиялде рачуна, амма гьелъие гІелмияб далил гьечІо. Гьебго диагноз бугел прививкаби гьаричІел лъималги гІемерал руго. Дун йиго далилазул кьучІалда медицинаялъул рахъ кколей чІужу. Прививкабазул график гІуцІцІулаго хІисабалде босизе ккола лъимералъул хаслъийилан абулел эбел-инсуда дун рази йиго. Прививкаби гьаризе бегьуларо лъимер унтун батани яги иммунияб системаялъул унти букІиналда кІудияб щаклъи бугони. Вакцинация ккола иммунияб стресс, гьелъ «бомба» кьвагьизабизе бегьула. Амма гьеб кьвагьи бокьараб жоялъги багъаризабизе бегьула: цІа-кан бахиналъ, эбел-инсул дагІба-рагІиялъ, батІияб бакІалде гочиналъ, хІинкъиялъ. КІудияб стрессалъул хІасилалда лъимер буцІцІун чІезе бегьула, гьеб лъугьинабизе бегьула бокьараб тайпаялъул аутизмалъги.

***– Духъе рачун рачІунищ кІалъазего кІалъаларел лъимал? Кин дуца гьезулгун хІалтІи гьабулеб?***

– РачІуна, аслияб хІалтІи гьединал лъималазулгун гьабула дица. Амма цо жо бичІчІизе ккола: логопед тІоцебесеб кьералъул специалист гуро. Цин физиотерапиялъул, кинезиотерапиялъул, бокьараб тайпаялъул чорхол багъа-бачариялъул специалистаз терапия гьабизе ккола. ГІадалнах лъикІ хІалтІизе ккани, черхги лъикІ хІалтІизе ккола. Эбел-инсуца гІемерисеб мехалъ кІвар кьола гІиссинаб моторикаялде, кІудияб моторика кІвар кьечІого тола. Берцинго черх кквезе бажарулареб, хІатІазда чІолареб лъимералда, гьаркьал рахъизе ккани мацІалда щиб гьабилебалиги лъаларо.

***– Дарсал кин нужер унел? Кидаго хIайищ гьеб кколеб?***

– Дарс байбихьула рагIа-ракьанде щвараб диагностикаялдаса. Дица хIаракат бахъула цин эбел аскIой гьечIого лъимал рихьизе, чияр чиясдехун гьезул кинаб бербалагьи букIунебали, кин галаби рахъулелали, бухьен гьабулищали, бадире ралагьулищали. Цинги дица эбел ахIула, гьезул кIалъаялъухъ гIенеккула яги лъимер кIалъалареб батани, реакциялъухъ балагьула. Тохтурзабаз тIуралел суалал ратани, гьезухъе ритIула. Масала, лъимер кIалъалеб гьечIони, дица кидаго сурдологасухъе ритIула. БукIине кколедухъ лъимаралда рагIулеб бугищали лъазе кколелъулха.

ХIаялъул бицани, хIай ккола лъималазул аслияб хIалтIи, амма нижее гьеб ккола хIалтIул алат, къагIида. Лъимералъе занятиял рокьун гьечIони, дица абула: «ЛъикI, нилъ хIазе руго», – ян. Ва дица гIицIго дирго методикияб къагIидаялда хадуб халккола. Амма кIвар бугеб, батIабахъизе кколеб жолъун ккола мекъдариги специалист рекIее гIунгутIиги. Дур лъимералъ тIубанго цо хасав специалитасдаса инкар гьабулеб бугони (махI бокьичIо, гьаракь рекIее гIечIо), цогидав валагье. Амма лъимадул гIадалнахалъ гIицIго хIалтIул нагрузкаялде дандечIей гьабулеб батани, «дие хIалтIизе бокьун гьечIо, дун свакана» абун, гьеб мехалъ бихьизабизе ккола кьвари.

***– Кинаб ригьалда лъимер логопедасухъе бачине кколеб?***

– КигIан кIваниги хехго лъикI букIуна. Бищунго хIинкъи бугел мифазул цояб ккола: «Логопедасухъе ине ккола ункъо сон байдал, гьеб мехалъ кIалъазеги байбихьула, гьебсагIатго Пушкинги цIалула». Цо сон бараб лъимералъ кинабгIаги гьаракь бахъулеб гьечIони, заман щвана неврологасухъе ине. «Гьа, кIалъачIогойищ хутIилев», – илан проблема тезе бегьуларо!

Консультациялъул заманалда нижеца эбелалъулгун, бищун дагь, кIиго сагIаталъ гара-чIвари гьабула. Кинабго, лъимер ургъибе ккаралдаса нахъе, хъурщулебищ букIараб, гIодобги чIун, танкан галаби рахъизейищ лъугьараб, кинабго кIвар бугеблъун ккола. Нервабазул системаялъе лъикIаб гьечIо лъимер, хъурщиги гьоркьоб биччан, билълъине лъугьин.

***– Дуца рехсана лъимералда «аутист» гуреб, «аутизм бугев чи» абизе кIвар бугилан. Щай?***

Щайгурелъул, цин гьев ккола инсан, хадуб диагноз. ТIоцебе цеве вачIуна жиндирго хасиятгун чи, хадуб – сакъатлъи. ЦIакъ гIемерал эбел-эмен жидерго «хасал» лъималазухъ ралагьула унтиялъул бадисан. Гьел ралагьизе ккола лъималазухъ гIадин, унтиги цояб рахъалда тун. Мекъдарулеб, тIирун чIараб бугищ лъимер – унтиялъ гуро – гьединаб гIамал букIун. Гьеб тIирун чIеялъ чанги гIумруялъул цебетIей лъугьине бегьула лъималазул. Кьура-кьураб кунеб гьечIищ? Нилъеца кунищ, щиб кьуниги? Кунаро. Гьезгиха. Лъимал руго долго чIахIиял, гIицIго хIалбихьиги дагьал.

***– Юлия, эбел-инсуца кинаб кумек гьабизе бегьулеб лъимал хехго кIалъазе?***

– ЦIале, цIале, цоги нухалъ цIале. Кинабго байбихьула халкъияб кIалзул гьунаралдасан. КинидахъкучIдул – гьеле аслияб лъимадул калам цебетIеялъе байбихьуда къваригIунеб. Ва заманалдасан байбихье художествияб литератураялъулгун лъай-хъвай гьабизе, гьезда жалго ва сверухъ бугеб дунял лъикI бичIчIизе. Лъимералъ инкар гьабулеб бугони, хьул къотIуге, нужецаго гьаракь борхун цIале. Бихьила, кватIичIого дур лъимералъе тIахьал рокьизе руго. Ва гьеб кIудияб бергьенлъи буго!

***Аида Бабаева***



МухIамад РАМАЗАНОВ,
*ЦIунтIа районалъул Сагъада росу*

# ГЪАЛБАЛ

*(хабар)*

Сентябралъул кIиабилеб бащалъи унеб букIана. Дун кIудияб росулъ микьабилеб классалда цIалулев вукIана. Нижер хъизаналъ гIумру гьабулеб букIана гьанисан щугогIан километралъ рикIкIада бугеб эбелалъул росулъ, гьениб гIи-боцIи хьихьизе лъикIал шартIал рукIиналда бан. Росулъ интернат букIаниги, инсуца дун тана, кIудадаца ирсалъе гьесие кьураб, нижерго минаялъув. Гьениб къачIараб цо рукъ букIана. Жаниб букIана халатаб тахги, кроватги, столги, печги ва богогьанлъиялъул цIарагIги. Щибаб шаматкъоялъ къасиялде дун унаан эбел-инсухъе. ГIодобкъоялъ гьабизе хIалтIи камулароан: цIул баччиги, бачIин бакIариги, лал тIамиги, гIи-боцIул ирга бахъиги – кинабго тIубалаан иргадал. ТIадвуссун вачIунелъул, таргьа цIун босулаан тIехги, хIанги, бетарахьги, цо-цо щарил нахги. Кванил нигIматал сокIкIунаго эбелалъ, гьадигIан хехго квен-тIех щай лъугIулебилан гьикъулаан. «Мадугьалихъ росабалъа бачIараб гьалмагълъиялъ кванан», – илан, дидаса цебе жаваб инсуца кьолаан. Гьелдалъун хабарги къокълъулаан.

Кьерилал дарсаздаса хадур дир рокъоре ракIарулаан, рокъоре кьурал тIадкъаязда тIасан бахIсал тIоритIулаан. Гьеб къагIидаялъ, битIараб бицани, лъай гъварид гьабулаан. Хъвалаан балалайка, мандолина, рицунаан маргьаби. ТIаде бачIараб гьалмагълъи тIех буцичIого нахъе биччалеб гIадат дирги букIинчIо, интернаталъул кваница хIебтIун хутIуларелъул. Къан рачелгун кин телел гIолохъаби?! Гьедин дир санкIиниб суркIа цIезе жо хутIулароан.

Цо къоялъ къаденахъе, дарсалги хIадур гьарун, дун вахана рукъалда цебе бугеб тIохде. Гьенисан цере лъун рихьула Метрада росу, ЖанкимегIер, КIусимегIералъул бащдаб тIогь, росулъе вачIунев-унев чиги нижер рукъалда цевесан уна. Кивехун вуссаниги, берда цебе букIуна дида лъай лъаралдасаго лъалеб, амма урхъи буссунареб тIабигIат. Ихдал гIурччинлъун, риидал тIогьолъ босун, хаслихъе месед бекьун, хасало гIаздал шаршавалъукь тIупун букIуна сверухълъи. Бокьула дие мугIрузул тIабигIат! Дир кIодоца абухъе, иццазул чвахалабаз рецIцIарилел гьал кьурабиги, пахруго бис хьвадулеб хIотол цIурал хъинсалги, беричал рохьалги, хасго гIодобе рехараб торгIо гирулареб доб «Иццухъ» расалъиги тезе захIмалъила чиясейилан.

Сверухъе вуссунаго, дир бер кIутIана хабалазул рагIалдасан бачIунеб гIияда. ГIияда цадахъ ругоан

лъабгоял. Нижер ригьихъе щведал, гьезул цояв тIохил рагIалде вачIана.

– Ассаламу гIалайкум, гьаб мина-цIа нужерищ? – ан гьикъана гьес, ботIродаса хIатIаахаде щвезегIан бераз дунги ворцунаго.

– У, нижер буго, лъикI руссарал, – ан дица, дандеги ун, гьоболасул квер бачана.

– Гьеб нижее бокьулеб жаваб буго. Гьаб гIи гъезе бакI бугищ? – ан, кьунсрулги рукIкIинарун, гьев дихъ валагьун чIана.

– Цин нужго гъезе бакI бугищ? – ан абуна дица ва гьелдаго хадуб дидаго ццинги бахъана, «гъезе» абураб рагIи паркъ гьечIеблъунги бихьун.

ГIи парахат гьабуна лъарагIлъиялде гочарав мадугьаласул чIваднив. Гьалбал жанире ахIана ва, парахалъеян гьездаги абун, дун дирго адахъе ана. Рос сапаралъ ун вукIана, рокъор ратана гьейги лъималги. Адаца хинлъахъего хIерчч цIун хинкIалги гвай базе бахъараб богIол чIагIдал хъабаги кьуна.

Ниж гара-чIварулаго кванана. Гьалбал ратана КIаратIаса. Гьез биценихъе, хIалтIулел ругоан росдал магIишаталъул управлениялда.

Регизе заман щведал, гьалбадерил цояв чIваднибе балагьараб тIохил рагIалда гIебеде чIвалилан лъугьана.

– Рокъов тамахаб бакIалда вегани лъикI букIина, – ян абуна дица.

– РоцIараб сордоги буго, гIолохъанчи, бокьула гьадинаб сихIкъотIи, гьелъ дие гIажаибго батIияб асар гьабула, – ян гьобол тIаде вахъана.

– Цудунаб хасалихълъиялъул сардал диеги рокьула, амма мун рагьда веги берцин букIинаро, ворчIухъанлъи дица гьабила. Нагагь нужер гIи камуни, инсул лъабкъоябго чахъдада тIаса бищун кьела, мун жанив парахалъе, – ян дица гьесухъа буртина нахъе босана.

– Парахатаб макьу щваги, – ян гьалбадеридаги абун, дун къватIиве вахъана. ГIи букIана бегун, гъварцIиялда рагI балеб. БецIлъуда гьезул берал цIваби гIадин паркъелел рукIана. Дагьаб мехалъ гьезда тIаде валагьунги вукIун, дун ана интернаталъул общежитиялде.

Радал рокъове вачIиндал, гьалбалги гIиги батичIо, столалда бугоан тетрадалъул тIамач. ЧIахIахатIалъ хъван букIана: «МухIамад, нижер гьитIинав гьобол, кIудияб баркала гьабураб адаб-хъатиралъухъ. Кутакалда бокьана дуца: «Нужго гъезе бакI бугищ»? – ан абурал рагIаби. Гьел рагIабазул буго кIудияб магIнаги гъваридаб пикруги. Нижеда ккола гьеб хаслъи дулъ кидагоялъе цIунун хутIилилан, гьелда нижер ракIчIола. КIаратIа нижер каваби дуе кидаго рагьарал рукIине руго» – ян. Ахада лъабго гъулбасги бугоан.

Дун рекIекълъана гIияда аскIов вегун чIечIолъиялдаса. Общежитиялда гара-чIварун рукIана нахъалъагIан. Гьале хIасил: гьалбал берцинаб куцалда нухарегIизе, гьезухъе цадахъ квен кьезе, росурагIалде умумузул гIадаталда рекъон тIоритIизе кватIана. Гьабизе жо хутIичIо, дирго адабгьечIолъиялда ццин бахъи гуреб. Гьеб ракIалде щванщинахъе дир чорхое квешаб асар лъугьунаан. Эбел-инсухъе щведал, гьезда бицана кинабго. Гьайгьай, рокъосел разилъана дица гьалбадерие гьабураб хъулухъалдаса. Цадахъ квен-тIех гьечIого ритIунилан эбелалъул бадибчIвайги букIана. Нахъусалалъ нилъго нечараб хIалалде ккечIого рукIине, кванил нигIматазул нахърател камизе тезе бегьуларилан инсулги малъа-хъвай бачIана.

Ноябралъул каникулал тIаде щведал, инсуца дихъе кьуна лъеберго гъурущ ва Агъваливе базаралдеги ун, тIажу босейилан лъазабуна. Ханждада хадув Болъихъе унев БацIилавгун цадахъ, дица сапар бухьана ретIел босизе. Гьесие я Агъвалиб, яги Болъихъ райпояздаса ханжу щвечIо. КъваригIун букIана къогогIан хъап, тIолабго гIагарлъиялъего босулеб букIараб къагIидаха. БацIилас дун аскIоса кьуризе течIо, кумекалъе вукIинилан абун, тIажуги босилила киналдасаго хадуб.



Къасиялде ана Болъихъа Инхелоре ва нижехъ школалъе хъарщи хъухъалев вукӀарав ГӀабасихъ рещтӀана. Гьоболас абуна ханжу КӀаратӀаса щвезе бегьулилан. Хадусеб къоялъ гьес жиндирго мотоциклеталда ниж щвезаруна КӀаратӀе.

БацӀилавги дунги цевего гьесда лъалев ГӀабдулмажидихъе щведал, къо бакъанидехун сверун букӀана. Гьев ватана лъабкъойилъе сонал гӀагарарав чи, гӀемерал соназ вехьлъи гьабурав. Ихдал цӀунтӀадерил мугӀрузде, хаслихъе гӀатӀиракьалъул авлахъазде гӀи гочунелъул, ГӀабдулмажидица чанги гьоболлъи бан буго БацӀиласухъ. Гьел кӀиялго дандчӀваялдаса рохана: бералъа рохалил кунчӀиги гьурмалъа разияб гьимиги сунеб букӀинчӀо.

ГӀабдулмажид кӀигъуждулъа гӀебав, логотӀа ворхатав чи вугоан. Гьороцаги бакъуцаги гӀемер зуриялъищали лъаларо, гьурмада кӀкӀуяб кьер чӀван букӀана. Кидаялиго тӀадерахъиялъ бусен лъун букӀараб мегӀерин абуни, салул авлахъалда цебелъун бихьулеб кьурул гӀус гӀадин бугоан. МагӀарзул къалазда гъоркь, кӀветӀалда тӀад, михъазул бакӀалда бугоан кӀиго килищгӀанасеб расул микӀис. Гъванщидехун цӀан лъураб цӀахӀилаб бухаритӀогърокьан баккун букӀана, гъари бахъичӀого тараб бекьараб хурул рахъазда релълъараб, сукӀалабаз цӀураб, борхатаб нодо. Керчал кьунсрузда гъоркь ххенелел ругоан цӀодораб балагьиялъул берал.

ГӀабдулмажид, БацӀиласде кверги хьвагӀун, дидехун вуссана.

– Гьая, гӀолохъанчи, рачӀа лъайхъвай гьабилин. Дун щивали дуда лъалеб батила, мун...? – ян абуна гьес.

– Дун МухӀамад вуго, жеги школалда цӀалула, – ян жаваб гьабуна дица.

– ЦӀакъ лъикӀ, цӀакъ лъикӀ. ЛъикӀ цӀалулевги ватилаха? Гьав БацӀилав херлъун вуго, жакъаялдаса нилъ гьалбал руго, точка, – ян, къинкӀизеги къинкӀун, раххан гӀадаб квер дир гъажалда лъуна гьес.

– Баркала, гьоболлъи лъазабураблъун рикӀкӀина, амма гьанир дир гьалбал ругелъулха, – ян абуна дица.

– ВахӀ, гьединищха ищ бугеб?! БацӀилав, чияр гьобол дилъувейищ

вехъерхъарав? Умумузул гIадаталда тIасан гали бахъун буго дуца, цо дур гIадлу гьечIолъи гIеларищха! – ян ГIабдулмажид велъанхъана.

– ЩалгIаги гьел дур гьалбал, бахчун течIого бицинарищ? – ан гьев нахъойги дидехун вуссана.

– Гьалбал лъугьаралдаса моцIгIанаб заман буго. Гьел ккола росдал магIищаталъул управлениялъул хъулухъчагIи. ГIияда хадур ЦIунтIе рачIун рукIана лъабгоял, – ян абуна дица. Щаяли дир гьурмаде багIарлъи кIанцIун бачIана.

– БичIчIана. Балагье, хIакимзабазулгун гьоркьоблъи бихьула дур, амма гIиявехьасул гIадаб бицатаб мохмох батиладай гьеб росдал магIишаталъул агьлуялъул гъасда!? ЧIахIиял тарихазул цIурал кагътазул чанги даптарни батила гьел пуланазул. Гьеб дур гьалмагълъи дир гIагарлъийин кколеб. Вилълъая цадахъ, нилъеца куй хъвела, БацIилас, ругьунав чи вуго, цIул-цIаялъул гIадлу гьабе, дир Хадижат ГIахьвахъа кида тIадюссунеяли лъаларо, – ян гьев тIаде вахъана ва ниж азбаралде ана. Къададасан къотIновеги цIавуцIун, лъидеялиго ахIана: «Шамиль, векере Сулайманида абе, нужер гьобол ГIабдулмажидида рещтIун вуго, гьесул тIалаб гьабизе ахIулев вугилан. Нахъе гъелалде тIаде щваян абе, – ян велъанхъана гьев, дидаги тункун.

Рукъалда цун бугеб чолониса, бурав гIадин, кьурарал лълъурдузул куй квезе тIамуна ГIабдулмажидица дун. Хадуб гьес жинцаго, квасул тIадагьаб нухи гIадин, эхедеги борхун, гIодоб лъуна гьеб. Щулаго ккведилан, къан кIиябго зар бихьизабуна дида ва горбода ханжар бахъана. Цо параялда жаниб ччукIана ва, къотIкъотIун, кIудияб тIарсиниб лъуна биххараб къулагIи. ГIабдулмажидица гьеб хIалтIи тIубана бацIцIадго ва махщалида. ПонцIорал бидурихьал цере лъун рихьулел, гьесул чIахIиял кверал беэнлъиялъ цIик-цIикун рукIана. МахигъотIол гьабураб гургинаб хIохьодаги лъун, гIощтIоцаги къотI-къотIун, гьанал бох къанидеги ккезабуна.

Гьеб лахIзаталъ нижеда нахъасан рагIана:

– Ассаламу гIалайкум! Кив вугев дир гьобол? – ян абулеб.

– ВагIалайкум салам, Сулайман! Гьанал махIищ чIвараб, гьале дур гьобол, – ан абуна ГIабдулмажидица, бетIер гьанкIун, дунги вихьизавун.

– Жакъа рогьаралдасаго букарулеб букIана мегIер, ма босе, хирияв гьоболасе букIун буго, – ян Сулайманица дир квер бачана ва каранде къана. Росдал жамагIаталъул, дир эбел-инсул сахлъиялъул цIехана.

– ГIабдулмажид-кIуди, дур гьанали нилъеца гIадада хвезе теларо, цин нижехъе рилълъани лъикI букIина. Гьав МухIамад вачIиналъул рохел бицине ХIажиясухъеги ГъазимухIамадихъеги чапарги витIила, ручниб гьунарого бугеб, дур бер ккечIого хутIараб доб куйги цIакилъа бахъила, рилълъа, – ян, бакьулъа дир гIункIрукьги ккун, Сулайман кIудиясухъ валагьана.

КватIичIого хъизанги ячIунила, тепсиги гIуцIилила, гьанир гьунарогойищила нуж ругелилан, мукIурлъуларого вукIаниги, ГIабдулмажид разилъана цадахъ вилълъине.

Сулайманица лълъарги ккун бачIараб куй, гьес, бачIинахъего, рагъидул хIобода дализабуна. РачIана ХIажиявги ГъазимухIамадги, цIакъ рохана дун вачIун ватиялдаса. Цо параялда стол цIуна батIи-батIиял нигIматаз, тепси бакьулъ букIана багIараб чогърол цIураб графинги. Чагъир тIуна киназего. ГIабдулмажид тIаде вахъана ва: «Нилъер рорхатал мугIрул цоцалъ рухьун руго халатал кIичI-кIичIарал нухаз. Гьел нухаз рачана нилъер къадруял умумул цоцахъе, жакъа нилъго гIадин. Гьеле гьел нухаз цоцалъ рухьун руго нилъер росабиги кулабиги. МагIарухъ къанагIатги ватуларо чи щибаб росулъ гьобол гьечIев. Инсул гьобол тей рикIкIуна аразулги рачIунезулги адаб тейлъун ва гьев чиясул къадруги

букIунаро. Гьединазул хIакъалъулъ умумуз абулаан чури цIикIкIаралъубе бекерулеб таращилан. ЛъикIаб квенги – гьоболасе, лъикIаб бусенги – гьоболасе, ихтилат-кепги – гьоболасе. Гьеб гIадат наслабаз наслабахъе кьуна ва жеги гIасрабаз кьезеги хъван батаги. Дир инсул гIемерал рукIана гьалбал, гьезул кьалбал дие хутIун руго. Гьобол вачIиндал ракIгъей букIунаан, рукъ цIолаан цо хасаб хинлъиялъ. МагIишаталъул, мадугьалзабазул дандеккунгутIабазул, цоцалъ барщарал рос-лъадул гIузрабицин заманаялъе кIочонтун ратулаан. Нижехъе гьобол вачIиндал, гьитIинав чи, дун гьардолаан бицатго гIазу багиян, гьев, нухалги къан, дагьавги гьанивго хутIизе. Гьав МухIамадица нужер адаб-хъатир гьабулароан, жиндаго бихьунги лъанги букIинчIебани. Щулияб сахлъиги сахаб гьудуллъиги гьарула гьав гIолохъанчиясе», – ян лълъар, цо хIохь бан, гьекъана.

Дица, кодобеги босун, чогърол стакан гIодоб лъуна, цIикIкIараз гьекъана. Цо бугони: дица киданиги мехтизарулел лъинал гьекъон рукIинчIо, кIиабизе бугони: кIутIбуздаса рахьдал махI тIагIинчIев чияс чIахIиязда цебе гьекъей, адаб тей букIинаан. Дица гьекъезе мурадалда тамадаясги тIун букIун батиларо. Цебе букIана лимонадги компотги, гьеб дие гIураб букIана.

Хадусеб тIолабго накъит гIакъилаб ва гIумруялъул лъугьа-бахъиназдасан ва мисалаздасан гIуцIараб букIана. ЦинтIаго БацIилас абуна дица пандурги хъвалилан. Гьеб параялъго бачIана гьадил цIияб пандур. Гьеб бугоан махщалида гьабураб, гьаракь бугеб, къотIарулеб. ХIакъикъаталдаги, дица пандур хъвазе байбихьана анкьго сонил гIумруялда. Нижер гIодочIей нахъалъагIан халалъана.

Радал ниж нухарегIизе киналго рачIана. Цо кIитIалаяб минаялъул рагъида гъоркье щведал: «Каримулагь, Каримулагь», – ян ахIана Сулайманица. Рагъидаса азбаралде лъугьун вачIана, кIикъоялда анцIилъе вахарав, гьоркьохъеб борхалъиялъул чи. Гьес хъваш-баш гьабуна ва тIаде рилълъайилан гьарана, амма нижеца инкар гьабуна. ХIажияс, къвалги бан, гьесул гIинзунибе щибалиго щурана. Каримулагь дихъ валагьана ва: «ХIурматияв гьобол, босея доб тIамур кодобе, тIамея цо бакъан», – илан абуна. Гьеб мехалъ бихьана дида ГъазимухIамадица мугъзада нахъе ккун бугеб тIамур. Дица цо чанго бакъан тIамуна – Каримулагьица бетIер гьанкIана.

– Гьаб тIагIел гьабуна дица инхадерил гIолохъабаз ЦIунтIаса гIоралъ бачIараб гьадил цIулал. Гьазги гьаридал, мустахIикъавги вихьидал, хадубккунги махщел камиллъизе букIине, дуе кьолеб буго гьаб тIамур, – ан абуна гьес, дир кверги кIобокIулаго.

Дир рохалий гIорхъи букIинчIо. Жеги гьадинаб тIамур дихъе щун букIинчIо. Гьелдаго цадахъ дилъе кIанцIун бачIана хIинкъи, чияхъа гьесие хIажатаб, цебего халккун букIараб тIагIел бахъараб гIадаб. Нижехъ рохьоб бокьанагIан гьад буго, гьазул гьаниб гьечIо. Инкар гьабиладай тIармидаса? Гьадинаб лъица дие гьабилеб?!

– Дун вуго цIулал устар, жеги кIигониги хIехьги буго, цоги гьабила. Щулаго къвалакь ккве пандур, – ан абуна Каримулагьица, дир пикраби ричIчIараб гIадин.

Каримулагьилгун къо-лъикIги гьабун, ниж, дие тIажу босизе, универмагалде ана. РакI разияб тIажуги батун, нахъарокъоб гьебги борцун, гьелъухъ кьезе тукенчиясухъе къоло щуго гъурущ бегьулаго, гьес абуна гIарац кьун бугилан, гьелда бихьарабги ретIине хъван батагийилан.



*Сурат М. МухӀамадовалъул*

* * *

Сонал рахъанагӀан ИчӀабилеб май
ТӀогьол квацӀи гӀадин кенчӀелеб буго,
Рагъул гӀахьалчагӀаз дунял таниги,
Лъалеб буго къимат Бергьенлъиялъул!

Халкъалда цӀа лъураб фашизмаялде
Данде къеркьаразе къулизин бутӀрул!
ВатӀаналъе гӀоло жидер рухӀ кьурал
Кьварарал васазе даимабго рецц!

***ТӀалхӀат Ахъбердиев,***
***врач, захӀматалъул ветеран, рагъул лъимер***



**«МагIарулай» журналалъул коллективалъ ва киналниги журнал цIалулез ракI-ракIалъ баркулеб буго магIарулазул Халкъияй шагIир Залму Батировалда гьелъул 85 сонилаб юбилей. Гьарулеб буго чорхое сахлъиги, рекIее парахалъиги, къалмие бегIерлъиги, шигIруялъе рорженги. Кидаго таги мун нижее!**

***Поэтал***

Хутlана гьезул бухIи,
ХIутIана гьезул ахIи.
*Расул*

Цоясул квер къотIана,
Цоясул кIал букъана,
Цояв, мугъзада нахъа
Гуллаги щун, щапана.

Цоясе загьру кьуна,
Цояв мискин гьавуна,
Жидецаго гарбиде
КIичI рехун, цоял ана.

Хвелалдего Пушкиний
Хоб ургъулеб букIана.
Багьанаби ралагьун,
Валъаргъунев вукIана.

Лермонтов, чIвазе хьулгун,
Кавказалде витIана,
Кидаго поэтазе
Бухъулеб хоб камичIо.

ТIекълъи лъугIулеб гьечIо,
КечI чваххун унеб буго,
Цояб квер къотIаниги,
Цогидалъ хъвалеб буго.

Ваккизе течIониги,
Поэт ахIдолев вуго,
КIутIбузда букъараб квар
РагIабаз тIолеб буго.

Цо жо бичIчIулеб гьечIо –
Поэт къуркьуларевлъи,
Аллагьас кьураб гьунар
БахIарчияб бугеблъи.

ГIазу биараб лъеца
Дунял чурулеб гIадин,

КечI, чороклъи чуризе,
Аллагьас битIун букIин.

Поэтал чIаго руго,
Чваралги гъанкъаралги,
«ХутIана гьезул бухIи,
ХIутIана гьезул ахIи».

### *Пача, цIакъ ццинги бахъун...*

Пача, цIакъ ццинги бахъун,
Воронцовгун кIалъана,
ЛъугIулареб рагъуе
Ахир лъеян абуна.

– КьурабигIан къвакIарал
Руго гъазаватчагIи,
Гуллил бадий кIанцIула,
ЦIа бакьулъе лъугьуна.

– Шамилил имамзаби,
ГIарац кьуни, къуркьила,
Месед-гIарцул гъонода
Телилан къотIи гьабе.

ХIатIазукье гIарац бай,
ГIамал дозул хисизе,
НекIого заман щвана,
Щиб гьабунги, дол къезе.

– БетIерчIахъад, Дагъистан
Востокан ккоге дуда,
Салам кьун гуронани,
Доз бетIер къулуларо.

Дозий, эбелго гIадин,
Эркенлъиги бокьула,
Дозий меседалдаса
ГIицIал кьурай рокьула.

БетIерчIахъад, меседихъ
Балагьулеб халкъ гуро,
Гьезул къвакIигин чIухIи
ЧIчIинтIун чIолеб жо гуро.

Цо-цо росулъ нижеца
Нухазде гIарац хьана.
Дол, нижеда ракIги къан,
НуцIби къан, жанир ана.

ГIиссин лъималазгицин
ГIарцуда тIаде туна,
БетIерчIахъад, гьел гIарцухъ
Ричун россе кIоларо.

Дозий, эбелго гIадин,
Эркенлъиги бокьула,
Дозий меседалдаса
ГIицIал кьураби гIола.

### *БукIана... ва хIутIана*

Балаан бабада къвал,
Къалулаан сверухълъи,
БатIияб берцинлъиялъ
Ячунаан каранде.

Гьеб лахIзат аралдаса
ТалихI рекъдилеб буго,
Рокъой гьечIей эбелалъ
МагIу бацIцIунеб буго.

Гьудул ячIараб мехалъ,
Хурхунаан кIиялго,
РакIбацIцIалъиялъул цIа
РекIунаан каранда.

Гьей гьанже ячIунаро,
Сахлъиялъ къо рехана,
Эбелалъул къаданиб
Цебего зани чIвана.

Гьалмагъзабиги гьанже
КъанагIат данделъула,
РекIел тIинда рижарал
РорчIула махсараби.

Дирго лъимал рачIуна,
РачIине кватIугеги,
ЛъикIлъиялъул лъелги цIун,
Къвал цIун рохелги босун.




Гьеб бищун лъикIаб лахIзат
ГIумруялъе хутIараб,
ХутIарал дир къоязе
Къасиги канлъи кьолеб.

Пикрабалъ йигей дица
Къала гIумру каранде,
КигIан хехго унеб жо,
Унго, мун букIарабан.
Лъималаз рохел кьола,
ГIурмуялъ гIакълу кьола,
ЦIалун щвечIеб гIакъиллъи
Гьелда жаниб батула.

Гьале гьадин букIана
Гьале гьадин хутIана
Гьале гьадин букIина...
Дирго гIадин хутIила...

***ГIеларищ?***

ТIаде их бачIинегIан
ГIумру дие батани,
ГIекI гъутIбузул бихьизе
Берзул канлъи хутIани.
Мадина «гагу» – йилан
АхIтIелеб рагIанани,
Милъирщаби рагъиде
ЦIидасан тIадруссани.
Гьеле рохел – гIеларищ
Аллагьасул сайигъат.

ГIумру бацIцIад цIунулел
Руччаби гIемерлъани,
Адаб цIунизе лъалел
ГIолохъаби рихьани,
ГIумру берцин гьабулел
Ясазул салам щвани,
Гьеб рохелги гIеларищ
ГIумру берцин гьабизе.

ХIарам къезабураб къо
ХIалаллъиялъ бачIани,
Иманалъул бакъул нур
Щибаб рокъоб кунчIани,
Намус гвангъун бихьани,
Чилъи чотIа бихьани,
Гьеб рохелги гIеларищ
Аллагьасул сайигъат.

### *Вабабай, ле, вабабай!*

Щобда бугеб хъош буго
Хъала жиб бугилан чIун.
Хъазил хIули гьедула
Жиб тIухьидал бугилан.

Гьедарилеб буго лъар
ГIор гьитIинаб бугилан.
Ралъдадаса гъваридаб
Бугилан чIун буго хIор.

Вабабай, ле, вабабай,
Вабил гIакса рачIчIахун.

ХIинкъуч – бахIарчи живан,
ЯхI гьечIого кIалъала.
БитIараб тIекъ гьабизе
Гьереси бекерула.

Пахь – жиб меседилан чIун,
Керен туризабула.
ГIабдал гIемер кIалъала,
ГIакъил живгойилан ккун.

Вабабай, ле, вабабай,
Вабил гIакса рачIчIахун.

ГIагаразда гьоркьосан
Тушманлъи баккарула,
Гьоркьоб гIарацги рехун,
Нуж гIодизе гьарилин.

Гьурмал берцинлъи чIвазе
МаскIаби гIедегIула,
Жал гьаб заманаялда
Модаялда ругилан.

Вабабай, ле, вабабай,
Вабил гIакса рачIчIахун.

ГIинда кIичIун тIагъур лъун,
ГIабдал ваккун вачIуна,
ЦIодорасдаса жакъа
ГIабдал гIакъиллъун вугин.

ХIарамалъ чIвалеб бугеб
ХIалаллъи зигардула,
Вабил гIакса рачIчIахун
ГIумру хисулеб бугин.

Вабабай, ле, вабабай,
Вабил гIакса рачIчIахун.

### *Чорхол аслу*

Къадру гIарцухъ щоларо,
Гьеб бичун босуларо,
Гьеб гьечIони, къаркъала
КъватIул таращ гIадаб жо.

Къадру – черхалъул аслу –
Аллагьас дуе кьураб,
Дурго гьумер цIунизе,
Дурго лугбал хьихьизе.

Мунго цIунун, цIар цIунун,
Кьолбол бихьинал цIунун,
ЧIухIун дуниялалъухъ
Балагьун мун хутIизе.

Аллагьас гьеб дуй кьуна
Дур берцинлъи цIунизе,
Дуца дуй бокьулареб
Чидай гьабунгутIизе.

Къадру буго напсалъе –
Гьеб сородулеб пачахI,
Щиб къо тIаде щваниги,
Къуркьизе толареб жо.

Лъидасаниги хIинкъун
Къоял тIамулареб жо,
Лъидасаго нечезе
Гьумер биччалареб жо.

ИяхI гьечIев чиясул
Чорхолъ гьеб букIунаро,
Чияда цебе гьесул
ГIадан-чилъи сурула.



# Рагъул бахIарчи, устар, композитор...

***Гьев унго-унголъунги рикIкIине бегьула МугIрузул улкаялъул тIоцевесев композиторлъун. Дагъистаниялъул музыкалияб культураялъул жавгьар «Горец Дагестана» абураб бакъан ккола гьесул бищун машгьураб музыкалияб асарлъун: Гьеб рагIулеб рукIана рукъзал ралеб бакIалдаги, КIудияб ВатIанияб рагъдаги, бертабалъги, халкъиял байрамаздаги. 1960 абилеб соналдаса нахъе гьеб лъугьана Дагъистаналъул телевидениялъул гIаламатлъун.***

Кинабго байбихьана гуржиясул лъарагIалъухъ ккараб рокьудасан. Гьеб ккана XIX гIасруялъул бакьулъ. Офицер Иван Квинитадзеца Дагъистаналъул полкалда хъулухъ гьабулеб букIун буго ва цо къоялъ гьесда йихьун йиго Гелли абулеб лъарагIазул росулъа берцинай яс ХъистIаман. Гьей ячине мурадалда гьес ислам босун буго. Амма заманалдасан хъизан биххун буго. РатIалъун хадуб, гьитIинав вас ГIисабек инсуца цадахъ Гуржиялде вачун уна, кIудияв – Александр Дагъистаналда жиндирго унккъгIал Екатерина Семёновналъул хъизаналда хутIула. Жиндирго инсулгун ва хьихьараб хъизаналъулгун бухьен букIиналда тIадчIей гьабизелъун васасе кIирекIараб – Алхазов-Иванов (унккъгIалалъул росасул Алхазашвили абураб фамилиялдаса ва инсул Иван цIаралдаса) фамилия кьола.

1877–1878 соназул гIурусазулгун турказул рагъ байбихьараб мехаллъ 16 сон барав Александр жиндиего бокьун фронталде уна ва бахIарчиго вагъула. Гьесие щола Георгийил хъанч ва гIемерал медалал. Гьев сакъатлъун тIадвуссуна: Карсалъул рагъулъ захIматго лъукъун, накалдаса гъоркьехун бох къотIун букIуна гьесул.

Лъимерлъудаса гьев хьихьарай эбелалда ракIалде щола гьитIинаб мехалъ Александрие батIи-батIиял музыкалиял алатазда бакънал рачине, гьел къачIазе ва рекъезаризе бокьулеб букIараблъи. Гьесда лъалеб букIуна баяналда, гитараялда ва агъач-хъумузалда бакънал рачине. Екатерина Семёновналъ гIакълу кьола Тулписалъул музыкалиябгун ремесленияб училищеялде цIализе лъугьаян.

Александрица малъараб гьабула. Чанго соналдасан гьес лъикIал къиматазда лъугIизабула училище ва, мастер-настройщик махщелги щун, Темир-Хан-Шура рагьула Дагъистаналдаго тIоцебесеб музыкалиял инструментал къачIалеб цех.

КватIичIого Александрица ячуна Алхазашвилил хьихьизе ячарай яс Анна. Гьезие гьабула анлъго лъимер. Гьезухъе гьоболлъухъ ячIунаан гьесул унго-унгояй эбел ХъистIаманги. Гьей гIодой чIезаюлаан бищунго

хIурматияб бакIалда – халича тIамураб хьонбакIалда тIад. Гьей ячIиндал бахъунаан Тамарил, Мариял ва Гигол (Георгий) рохалилаб ахIи-хIур: лъималазда лъалаан кIодоэбел сайгъаталги росун ячIунейлъи ва гьелда сверун ракIарулаан. Гьединаб мехалъ ХъистIаманица махсаро гьабун: «Гьей, таманыгъыз, гявурлар!» – илан ахIулаан.

Устарасул рукъ букIана шагьаралъул аслияб къотIноб. Алхазов-Ивановасул клиенталлъун рукIана гIемерисел кечI-бакъан бокьулел чагIи. Фортепиано, рояль, баян, маргъалал ругеб баян, гитара, агъачхъумуз – бокьараб алат къачIазе лъалаан устарасда. Гьезул гIемерисезда жинцагоги рачунаан бакънал. Сверухъ ругел росабалъа мугIрул рекьарухъабазе цIакъ бокьулаан гьес рачунел халкъиял бакъназухъ гIенеккизе.

ГIагараб ракь бокьулев тарихчи Булач ХIажиевас жиндирго цо очеркалда бицунеб буго устарасул рокъоб букIараб хасаб ахIвал-хIалалъул:

«Гьекъезеги гьекъон кеплъарав гьоболас хважаинасда гьарана цо бакъан бачейилан.

– Дицани бачинаан, – илан сихIираб жаваб кьуна Алхазов-Ивановас, – амма дур рахIат хвезабизе бокьуларого буго.

– Дирищ? – ан гьикъана гIажаиблъарав гьоболас.

– Дурха, – ян ракIбацIцIадго абуна хважаинас.

– Кин дир?! – ан гьикъана гьев чияс гIажаиблъи гьабун. – Дида бараб щиб?

– Бакъанал рачунеб алаталда тIад гIодов чIун мунлъидал вугев!

Гьобол ток кьабараб гIадин эхеде кIанцIана. Халича чIарбиде рехана ва гьоболасда цебе загьирлъана, гIажаибаб кIодолъиялъул, живго Алхазов-Ивановас гьабураб баян».

Унго-унгояб «сихIруяб» рукъ букIана устарасул: гьури пурабго бакъан бачунеб техтеро букIана тIохда, реклама хIисабалда. Рокъобги гIемерал алатаз – столалда тIад лъураб чирахъалъ, гьоболасда гъоркь бугеб бакIалъ, тIорччоца бакулеб самоваралъ – рохалил бакъанал рачунаан. Александрие генерал-губернаторас сайгъат гьабураб протез жинцаго камил гьабиялъул кутакалъ, 14 сон базегIан гьесул ясалда лъан гьечIо инсул бох гьечIеблъи.

Амма устарасул цIар Дагъистаналъул маданияб тарихалда хутIана гьесул бакънал сабаблъун. Къасикъаси Александр Иванович гIиссинккун жиндирго флейтаялда бакънал рачунев вукIунаан, бищунго лъикI лъугьарал хъвалаан. ГIумруялъул ахиралде гьес хъван батана лъабкъоялда анцIгоялдаса цIикIкIун бакъан. Гьезда гьоркьоб бищунго машгьураблъун ккола «Горец Дагестана» абураб марш. Дагъистаналъул рекIаразул полкалъе хъвараб гьеб марш хехго рагъухъабаздаги магIарулаздаги гьоркьоб машгьураблъун лъугьана. Алхазов-Ивановасул минаялда аскIосан полк унеб мехалъ кидаго: «Смирно, равнение на-право!» – йилан команда кьолаан. 37 чиясдасан гIуцIараб оркестралъ марш бачунаан ва нус-нус чодарекIарал, кваранидехун бетIерги буссинабун, кваранаб кверги кепкаялда лъун, гьезие салам кьолев ворхатав хIалакъав чисда аскIосан унаан.

1918 соналъул ноябралда Александр Иванович жиндирго ишаз Порт-Петровскалде уна. Амма Темир-Хан-Шураве тIад вуссун бажаруларо: магIарухъе унеб нух къан батула. Шагьаралде интервентал щола. Хвасарлъизелъун, гьев цебе батараб гамида рекIуна. Гьеб кIиго анкьалъ ралъдалъ свераби рахъулебги букIун, ахир-къадги Ленкораналъул порталда рещтIуна. Гьелда рекIун рукIарал гIемерисел испанка унтиялъ унтула. Александр Ивановичги унтула ва 1919 соналъул январалда Ленкоранална хола, гьенивго вукъунги вуго.

*ХIадур гьабуна*
*Гульнара Асадулаевалъ*

Гуллерханум
Рустамова



# Бищун тIадегIанаб шапакъат

***Табасаран мухъалъул Гюхряг росулъа Гуллерханум Рустамова кIикъого соналъ хIалтIулей йиго Дагъогни шагьаралъул №3 школалда байбихьул классазул учительлъун. ГьитIинаб мехалдасаго кечI ахIизе бугеб гьираялъ, гьей лъугьана Избербашалъул педучилищеялъул музыкалияб отделениялде цIализе. Гьеб лъугIун хадуб, байбихьул классазул учительлъун яхъинелъун, очно-заочниял лъайкьеялъул курсалги лъугIизаруна. Гуллерханум киданиги шапакъатазда хадуй лъугьинчIо, бищунго тIадегIанаб шапакъат лъималазул баркала букIин бичIчIула гьелда.***

– 1966 соналъ кутакаб ракь багъарана ва киналго мугIрузул росабазул гIадамал гочинаруна гIатIиракьалде, – ян бицана Гюллерханумица. – Гьедин дир хъизанги Экендил росулъа Гюхрягалде гочана. Дун гьаюна гочун хадуб, нижер цIияб рукъ балеб мехалда.

***– Щай дуца хIукму гьабураб музыкалияб лъай щвезе?***

– Дие гьитIинго бокьулаан кечI ахIизе, тIоцересел классаздасаго батIи-батIиял тадбиразда цее яхъунаан. Математека бокьизего бокьулароан. Гьединлъидал цIализе тIаса бищана гIемераб кечIги ахIулеб математикаялъул лъайги къваригIунареб бакI.

***– Училищеялда кинаб музыкалияб алат дуца тIаса бищараб?***

– Росабалъа рачIарал гьебсагIатго баяналде хъвалел рукIана. Щиб лъалеб, пианиноялда нахъа ниж рихьулел рукIун ратиларoха (елъуларо). БитIараб бицани, училище лъугIаралдаса дица баян кодобе босичIо. Доб мехалъ инструменталъул багьа 120 гъурщиде бахунеб букIана. Нижер лъимал гIемераб хъизамалъул гьединаб багьаяб къайи босизеги рес букIинчIо.

***– Гьединлъидалищ дуца тIаса бищараб байбихьул классазул учительлъи?***

– Дие кидаго бокьун букIана байбихьул классазда хIалтIизе, цохIо музыкалияб дарс гуребги, киналго предметал рачине. Практикаялъул заманаялъги дун байбихьул классазде яккарулаан. Дие бокьун букIана хIалбихьи щвезе, лъималгун хIалтIизе йикIиналда дир щаклъи букIинчIелъул. Училище лъугIун хадуб дун байбихьул классазул учитель хIажатаб школалде йитIана ва гьеб дир анищ гIезегIан хехго тIубана.

***– Дуца музыкаялъул дарсалги кьола гурищ?***

– Узухъда. У, дида гьанже баян бачине кIоларо, амма дие музыкалияб лъаялъул кIудияб пайда ккана. Нижер лъикIал учительзаби рукIана, гьез нижеда нотаби малъана, батIи-батIиял музыкалиял алатазда бакъназ рачине малъана, литератураги лъазабулаан. Гьеб киналъулго кумекалдалъун дица гьанже вокал ва театралияб искусство малъула.

***– Дуда бакъназул гIелму малъана профессионалиял педагогаз, халичаби ресси бидульго батилаха...***

– Табасаран районалда халичаби рессизе лъачIого росасецин кьоларо. Эбелалъе дун цIализе ине кинго бокьун букIинчIо. Гьей: «ЙорчIизегIаги йорчIуларейани», – йилан йикIана. Хьул букIана дун халичаби



рессулей, рокъой йикIинилан (елъулаго). Дир зама-заманалдасан гьеб ишалде ракIги щун букIуна. Ахирисеб халича дица бессун лъугIизабуна 2006 соналъ ва гьелдаса нахъе дица гьелда тIокIаб квер хъвачIо.

***– Дур рокъор гIемерал ругищ дуца рессарал халичаби?***

– 10-12-ниги ракIчIун батула. Гьанже гIолилазул кIудияб интерес гьечIо гьел тайпабазул халичабазде. Амма Ростовалдаса дир рос Эседил гьудулзаби – гьев гьенив гIемерал соназ хIалтIана – гьел рихьараб мехалъ гьанжеги цIакъ гIажаиблъи гьабун рукIуна: «ХIакъикъаталдаги дур гьал квераз рессаралищ гьал?» – илан.

***– Росасул бищунаго... нужер лъайхъвай кин ккарабали бицани бокьилаан?***

– Дунги яцги ахIана ункъгIалалъухъе микьир бакIаризе. Гьебго къоялъ шагьаралдаса кIиго чи вачIун вукIана пихъ босизе. Гьезда рагIун батилаха нижер росулъ тIагIамаб микьир букIунилан. Гьезул цояв дир вукIинесев росасул гьудул вукIун вуго. ЦIакъ чIагояв чи вугоан. Цо заманалдасан живго Эсед вачIана нижехъе, дида кIалъазе бокьун бугилан. «Вацасул изну гьечIого гьей дуда кIалъаларо», – ян абуна гьесда. Вацасухъа изнуги босун, ниж цодагьаб заманаялъ гара-чIварана.

***– Сундулха гьес бицараб?***

– Гьес жиндирго диалекталда цо жо бицунеб букIана, дида къанагIат гурони бичIчIулеб жо букIинчо (елъулаго). Эсед изнуги щвечIого нахъе ана. Дир эмен данде чIун вукIана. Нижеда гьев лъалароан, гьесул хъизанги лъалароан, рикIкIадасан вачIарав чи вукIана гьев. УнкъгIалалъ Дагъогниялда цIех-рех гьабидал, «лъикIав чи» вугилан жаваб щвана. Хадусеб соналъ нахъойги вачIана гьев «лъикIав чи» дида хадув. Дун хIакъикъаталдаги гIажаиблъана. Амма гьанже дица гьев некIсияв гьудул гIадин дандчIвана. ЧIечIо Эсед дун ячине изну щвечIого.

***– Гьанже бичIчIулищ дуда росасул диалект?***

– Гьанже дун дирго гIагаразда йичIчIуларого йикIуна – гьесул диалекталда кIалъан.

***– Нуж цо школалдайищ хIалтIулел ругел?***

– У... Дица Эседида лъазабуна: «Дагъогниялда дие хIалтIи балагьичIони, дун дуе ячIунаро», – ян.




***– Гьанже ясаз машина гьарулеб буго, дуца хIалтIи тIалаб гьабун буго.***

– Дида хIалтIи гьечIого йикIун бажаруларо, дие бокьун букIинчIо рокъой гIодой чIезе. Нижеца ригьин гьабуна 10 марталда, дун хIалтIуде яхъана I апрелалда. Гьале гьанже дир буго 10-абилеб юбилеялъулаб выпуск.

***– Дурго выпускниказул лъималазе дарсал кьунищ дуца?***

– ХIатта лъималазул лъималазегицин! 40 соналъул педагогикияб стаж – гьеб махсаро гуро.

***– 40 соналъ цебе дуца дарсал кьолел рукIарал лъималаздаги жакъасел лъималаздаги гьоркьоб батIалъи лъалеб бугищ дуда?***

– Гьанже батIияб заман бачIун буго. Цебе учительзаби авторитетал рукIана, гьанже гьедин гьечIо. Амма дир кинабгIаги гIарз гьечIо: лъималги лъикIал руго. Дир цIалдохъаби хIалтIулареб бакIго гьечIо! Кинаб идараялде щваниги, гьенив дир цIалдохъан ватула. Гьел рохун рукIуна дун йихьизе ва кидаго хIадурал рукIуна кумек гьабизе. Учителасе бищунго къиматаб шапакъат ккола цIалдохъабазда ракIалда чIей.

***– Нужер чан лъимер бугеб?***

– Ункъоял: кIиго васги кIиго ясги: Эльдар, Идрис, Венера ва Фатима. Бищун гьитIинай ясалъул хутIизегIан, киназулго жидерго хъизанал руго. Гьелъ абула: «Дие дирго эмен гIадав рос къваригIун вуго», – йилан. Ва дица жаваб кьола: «Гьев дунялалда цохIо вуго, тIокIал гьединал гьечIо», – йилан (гьимула).

***– Лъимал Дагъистан тун къватIиrighщ гIумру гьабун ругел?***

– Гьел кIиго шагьаралде рикьун руго: кIигоял Мурманскалда, цогидал Ростовалда. Риидал киналго рачIуна гьанире, лъималазул лъималгун – нижер гьел лъабгоял руго – рукъ цIун, рекIее гIолеб ахIи-хIур букIуна. Гьел ун хадуб рукъ чIобоголъула. Амма гIумру гьедин гIуцIцIун гьечIищха.

ТалихIалъ, дунги Эседги жеги гIолохъанго руго, къваригIараб-тараб гьабизе нижерго къуватги буго. Херлъидал лъималаз рехон телареблъиги лъала. Гьедин унеб бугоха гIумру.

***Руслан Бакидов***



Василий Верещагин

# Нугъаязул хIакъалъулъ

***КIудияв рагъул суратчи ва «Апофеоз войны» абураб машгьураб сураталъул автор Василий Верещагиница гIемерал сапарал рухьана дунялалда, гьездаго гьоркьоб Кавказалдеги. Гьесул суратазгун сапаразул хъвай-хъвагIаял, француз мацIалдеги руссинарун, Парижалда, «Le Tour du monde» («Кругосветное путешествие») журналалда, Эдуард Чартонил редакторлъиялда гьоркь, 1868-1869 соназул 17 ва 19 номеразда къватIире ричана. Очерказда руго батIи-батIиял халкъазул ва Кавказалъул рагъул лъугьа-бахъиназул сипат-сурат, масала, лезгияв ХIажи-Муртузил нухмалъиялда гьоркь Закаталаялъул рагъул хIакъалъулъ харбал, гьесул суратги гьорлъе ккезабун; шигIитаз ГIашурадал къо кIодо гьабулеб куцалъул ва гIемераб цогидабги.***
***Гьел хъвай-хъвагIаязул цо бутIа – нугъаязул хIакъалъулъ очерк.***

Югалъул рахъалдехун унаго, дида нухда дандчIвана гIемерал нугъаял. Гьел унел рукIана Гъармухъазул гIатIилъабаздаса Тулписалдехун. Гьезул рагъа-рачариялъулъ букIана цо хасаб, гIадатияб гуреб. Гьеб гIадатияб гуреб хIал бичIчIизабизе ккани, гьезул цебесеб гIумруялъул гъварилъуде раккизе ккола ва гьанже Россиялде, жидерго рехун тарал рукъзабахъе тIадруссунел рукIарал гьел Туркиялде гочиналъул хIакъалъулъ бицине ккола.

Кинаб букIараб гьел гочиналъе гIилла? Бихьулеб букIахъе, тIоцебесеб иргаялда гьелъие квербакъи гьабун буго жидее нухмалъи гьабулел рукIарал хIакимзабазул ришватчилъиялъ. Амма кIвар кьечIого тезе бегьуларо, жидерго ватIан тун унел, киналго бусурбабазде Туркиялъ гьабулеб букIараб асарги. Гьелда тIадеги, чияр ракьалда гIумру гьабизе санагIатал шартIал ратизе гьира. Балъголъи гуро исламалда ругел халкъазул турказдехун хасаб цIайи букIин. Жибго Стамбул (Константинополь) абураб цIаралъ асир гьарула батIи-батIиял улкабазда гIумру гьабун ругел мискинал бусурбабазул гIундул. Гьезул хьул букIуна гьениб унго-унгояб иман, талихI, парахалъи ва рохел батизе.

Нугъаязда хIалбихьияздасан лъана гьел киналго хьулал гIададисел рукIараблъи. Бечедал рагIабаздалъун

гъоркье реххарал гьел, гIедегIун, жидеда кIварабщинаб бичун, хутIараб рехун тун, цадахъ рахъун Туркиялде ана. ГIемерал ракъуца, свакалъ, батIи-батIиял захIмалъабаздалъун хвана гьеб баракат бахъараб ракьалда, хутIарал дагьалго гIадамал гьанжеги Туркиялъул чIахIиял шагьараздa гьардухъанлъи гьабулел руго.

Россиялъул хIукуматалъ, жидер рукIарал подданниязул талихIкъосараб ахIвал-хIал букIин лъарабго, тIадруссине бокьаразе кумек гьабизе рагIи кьуна. ГIемерисел нугъаяз гьеб къабул гьабуна ва Тулписалде унеб нухда дида дандчIвараб халкъги гьел рокъоре тIадруссунел нугъаязул цо бутIа букIана.

РакI унтулеб букIана, талихI къосарал, ракъуца хварал, цебе букIараб магIишат цIигьабизе хIаракат бахъулел ва Стамбулалъеги жидерго гIадаллъиялъеги нагIана кьолел гьел рихьидал. Нугъаяз ккурал ракьал унел руго Кавказалъул шималиябгун-магърибалъул гIорхъодасан гъармухъазул авлахъазде щвезегIан. Гьеб тIолабго гIатIилъиялда абула Нугъаязул авлахъалилан.

Нугъаял ккола ракълилаб, захIматаб хирияб халкъ. ЯхI-намусалъул ва гIадатазул рахъалъ цIакъго релълъарал руго гъармухъазда, хехго чIара -хьараб гIумруялде ругьунлъулел рукIаниги. Гьединлъидал гьезда тIад чIезе дида хIажалъи гьечIеблъун бихьула. Гьединго хIакъаб жолъун ккола гьел чIараб бакIалде щвезе дие заман щвечIолъиги.



Гьаб очеркалда гъорлъе росарал нугъаязул цо-кIиго гьумер къалмица хъвазе дие рес щун батани, гьеб буго Туркиялдаса тIадруссун рачIунел ва нухда лагерь гьабун чIчIарал гьезул къокъабигун дандчIваялъул хIасил. Жалго бетIергьабиго гIадин, загIиплъарал гьезул хIайваналги нухлул кIиябго рахъалда хIурул цIураб харилъ квине жо балагьулел рукIана. Бихьинал цIулал гъудал ва гъудрул гьариялде машгъуллъун рукIана ва нухда дандчIваразе гьел ричулел рукIана. Руччабийилан абуни, цо-цоял жидерго магъакь-кIачар букъулел, данде бачунел, цогидал тIагIамго гьечIеб чурпа-лъим гьабулел.

Лъимал, тIутIал гIадин, цIадуда сверухъ лъугьун, халатбахъараб рилълъиналъ ракъун, чохьонибе щиб букIаниги ккеларoдаян хьулалда. Гьел талихI къосарал чагIазда дир дагьабги ракI гурхIана, гьезул гара-чIвариялдасан цебе гьезул букIараб лъикIаб магIишаталъулги гIумруялъулги хIакъалъулъ лъаралдаса. Гьанже жал ккараб ахIвал-хIалалъул бицун, цоцазда гIайиб чIвазе гьезул тIубараб ихтияр букIана.

Нугъаязул гIемерисел кIалъала бацIцIадаб гIурус мацIалъ, гьелъ бихьулеб буго гьезул цо кинабалиго даражаялъул цебетIей, хасго цогидал, лъаларел гьаркьазде ругьунлъизе захIматал ва мацI загIипго бичIчIулел халкъазде данде ккун.

Цо ногаяс кьураб квешаб тамахьодул хъалияналда цIаги лъун, дица жидедаса суратал рахъарал чагIазе цо-кIиго гъурущ кьуна. Гьеб сабаблъун дие нухдаквенги гIемераб гьара-рахьиги щвана.

– Мун нижер лъалев-хъвалев чи вуго, – ян абуна, дир гъежда гьудуллъиялъулаб кверги лъун, цо гIундул даларав херас. – Ставрополалде щведал, херав Ал-Ал цIехе...

*ХIадур гьабуна*
*Гульнара Асадулаевалъ*

Разият
АхӀмадова



# Дуца гІуцІцІараб дунял...

***Гьелъие рахьдал мацI ккола, гIодобе биччан чвахулеб, тIабигIатги гIадамалги творческияб къуваталъ цIубазарулеб, байбихьиги ахирги гьечIеб лъарлъун. Нилъер героиня – литературовед, филологиял гIелмабазул доктор, профессор, Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул член – Разият ГIабдуллаевна АхIмадовалъ бицана, гIумруялъул ва творчествоялъул нухда жинда дандчIванила гIемерал лъикIал гIадамал.***

*Эмен*

Гьелъ бицана жиндирго лъимерлъиялъул ва эбел-инсул хIакъалъулъ. Разият АхIмадовналъул инсуца жиндирго тIолабго гIумру кьун буго лъай цебетIезабиялъе. Учитель ГIабдулла Бекеевич АхIмадов – рагъул къварилъаби ва вахIшилъаби рихьарав, къеялгун бергьенлъабаз лъадарарав, амма чIаго хутIарав фронтовик. Жиндирго лъай ва хIалбихьиги цогидазе бикьулаго, гьес гIумруялъул щибаб секундалъул къимат гьабулеб букIун буго.

– Инсуца бицунаан, кин гьев анцIила анкьго сон барав чи, фронталде тIурун унев вукIаравали ва чанцIулго нахъвуссинавуравали. Военкомас, тамихI гьабун, Сухокумскалде пехотаялъул училищеялде витIун вуго цIализе. Гьебги лъугIичIого фронталде ун вуго ва бахIарчиго вагъун вуго. Асирлъуде ккедал, гьенисаги лъутун, греказул Элас абураб партизаназул отрядалде гъорлъе ккун вуго ва гьелгун, Бергьенлъиялъул къо тIаде щвезегIан, вагъун вуго.

Рагъдаса хадуб ГІабдулла Бекеевич хIалтIула учительзабазул махщел цебетIезабиялъул Институталда, лъайкьеялъул министерствоялда ва рахьдал мацIалъул тIахьазда тIад. Гьес сураталги рахъулаан берцинго. Ясазе бицунаан гьезул эбел Хизриева Кумсиятилгун лъай-хъвай ккеялъул ва рокьи ккеялъул. Гьес лъадиялъул къимат гьабулаан лъикIаб тIабигIат-гIамалалъухъ, жиндиргоги лъималазулги тIалабалъухъ, гьалбал рокьиялъухъ. Гьелъ унго-унголъунги, алжаналъул хIанчIица гIадин, хъизаналда гIуцIана рекIее хинлъи кьолеб, цоцазе рокьи кьолеб ахIвал-хIал.

***Рахьдал мацI – эбелалъул рахьалдаса бачIараб***

Разият ГIабдуллаевналъ бицана жий цо кIкIалахъ бугеб лъарагIазул гьитIинабго колода гьаюнилан ва, инсул баркаталдалъун, гьеб гьитIинабго кули Гъарабудахкент районалде гъорлъе унеб саламатаб Кака-Махи росу лъугьанилан.

Рагъдаса хадусел сонал гьелда ракIалда чIун руго Бергьенлъиялъул рохелалъ цIураллъун, халкъалъул лъикIаб гIумру гьабизе, ВатIаналъе гIоло хIалтIизе, гьеб цIигьабизе бугеб гъираялъ цIураллъун.

– Доб мехалъ росулъ хIалтIулел рукIана Дагъистаналъул школазда лъималазе дарсал кьезе рачIарал гIемерал учительзаби. Дида жеги ракIалда руго тIабигIаталда патефонгун, рохалил кучIдулгун, кьурдабигун, рохалилаб гIажаибаб ахIвал-хIалгун, махсаро-хочIгун маялъул байрамал. Гьеб букIана гIажаибаб заман. Рагъдаса хадусел соназ гIадамаз байбихьана гIумру гьабизе, хIалтIудасаги хIинкъулел рукIинчIо. Ракълилаб гIумруялъул



рохалил асаралъ гьезие кумек гьабулеб букIана захIмалъабигун къеркьезе ва свак гьечIого хIалтIизе. ГIумру жиндир рукIалиде кколеб букIана. Эбел-эменги гIолохъанго рукIана. Дунги гьезул рокьулъ чверделаго, инсул – гIажаибго хIеренай, гIадамазе кумекалъе гIедерай, киназего бакъул чIоргIан йокьулей жиндирго хъизаналде – дир эбелалде бугеб берцинаб асаралда гъоркь гIолей йикIана. Эбел гьединайлъун хутIана гIумру ахиралде щвезегIанги...

Ургъел гьечIеб лъимерлъиялъул чIинкIиллъи хIисабалда ракIалда чIараб мугIрул росулъ лъадарана Разият ГIабдуллаевналъул хасияталъул къвакIи ва жиндаго божилъи. МугIрузул балъгояб къуваталъ гьей цIана цеве чи инчIеб бакIазде щвеялъул анищазде: «Гьезулъ бихьана дида анищлъун букIараб доб гIажаибаб маргьабазул дунял. МугIрул ва мугIрузул гIадамал мутIигI гьаризе хIаракат бахъулел хъачагъал, амма гьезда киданиги кIвечIо бахIарчияб халкъалдаса бергьине. Гьединан дилъ бижана дир халкъалъул тарихалъул ва адабияталъул хIакъалъулъ кIванагIан гIемер лъазе, некIсиял эпосазул ва тарихиял гIадамазул цIех-рех гьабизе бугеб рокьи. Дица хIаракат бахъулеб букIана, гьел хIалкъиял биценазул ва абиязул герояз бицунеб букIараб рахьдал мацI кIванагIан гъваридго лъазабизе».

Доб заманалда бищунго лъикIал школазул цояб – гъваридго ингилис мацI лъазабулеб № 13 хасаб школалда цIалиялъ, йикIинесей филологалъе рес кьуна ингилис мацI профессионалияб къагIидаялъ лъазабизе. Гьедилъидал, гьелъул педадогикияб нух байбихьана диплом щвелалдего, учительзабазул лъай камил гьабулеб институталда ингилис мацIалъул экзамен кьун хадуб.

***Заз-хъарахъалъ цIураб, амма ракIцIалеб...***

Цинги гьей ингилис мацIалъул учительлъун Гъарабудахкент ва Гъоркьияб Гъаздануши росабалъе йитIула.

– МугIалимлъиялъул хIалбихьиялъ щула гьабуна дир ингилис мацIалъул профессионалияб лъай. Педагогикияб институт лъугIун хадуб, дун Буйнакскалъул 7-абилеб ва 5-абилеб школазда ингилис мацIалъул учительлъун хIалтIана. Амма гIелмуялъ рахIат толеб букIинчIо. СССРалъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналда бугеб филиалалъул библиотекаялда хIалтIулаго, дун гьенибго бугеб аспирантураялде лъугьана.

1988 соналъ Тулписалъул Шота Руставелил цIаралда бугеб гуржиязул адабияталъул институталъул диссертациялъулаб советалда цебе «Жанр поэмы в кумыкской литературе» абураб кандидатлъиялъул диссертация цIунана дица. Гьебго заманалда ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб ИЯЛИ ДНЦ РАНалъул бетIерай гIелмияй хIалтIухъан Чакар Юсуповалъ Тулписалъул гьебго институталда цIунана докторлъиялъул диссертация. Гьей дие лъугьана унго-унгояй насихIатчIужулъун. Гьениб ккараб гьудуллъи гIумруялъ тIезеги течIо нижеца. Дие унго-унгояб талихI ккана – Салав МагомедсалихIович ГIалиев ва ГIабдул-Къадир Юсупович ГIабдуллатIипов – дирго гIелмиял насихатчагIи рукIиналъулги.

Разият ГIабдуллаевна хIасилал кьоледухъ хIалтIана. Жигаралда гIелмуялда тIадги хIалтIулаго, кьуна дарсал, яхъана доцентлъун, хадуб ДГУ-ялъул Россиялъул халкъазул адабияталъул кафедраялъул профессорлъун. Гьелъ кьолаан «Дагъистаналъул адабият», «Россиялъул халкъазул адабият», «Литературияб цIех-рехалъул методика» абурал предметазда тIасан лекциязул курсал ва практикиял дарсал, бачунаан «Жакъасеб Дагъистаналъул адабияталда рухIиял ва яхI-намусалъулал суалал» абураб хасаб курс. Гьелъ нухмалъи гьабулеб букIана курсалъулал, дипломалъулал, магистратураялъул хIалтIабазе ва диссертациязе. Разият ГIабдуллаевналъ жигараб гIахьаллъи гьабуна республикаялъул гIелмиябгун адабиталъулаб гIумруялъулъ, докладал гьаруна пачалихъиял ва халкъаздагьоркьосел гIелмиял конференциязда.

Россиялъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул диссертациялъулаб советалда цебе Разият АхIмадовалъ «Духовная интеграция народов Дагестана в современную литературу» абураб докторлъиялъул диссертация цIуни букIана гьелъул гIелмияб хIалтIул цоги кIудияб бергьенлъилъун. Ва гьелъ къватIире риччарал «Кумыкская поэма», «Духовная интеграция народов Дагестана в литературе» ва «О благородстве, щедрости и чести» абурал тIахьазе гIелмияб жамгIияталъ кIудияб къимат кьунаян бицана Дагъистаналъул гIелмияб централъул филологиял гIелмабазул доктор М. А. ХIусеновас.

Разиятие щулияб квербакъи гьабула хъизаналъ, лъималаз ва гьей гьездаса чIухIула: «Яс ХIажара ккола интерьералъул дизайнер ва гьеб гьунар кIудададаса ирсалъе щварай художник, вас – ГIалибег ккола IT-специалист».

Лъималазул лъимал: Кумсиятица, Аминатица, Сафийкаца рохалил цIезабула гьелъул гIумру. Разият ГIабдуллаевналъул божилъи буго, заманалдасан, жидецаго гIадамазе бицине бугеб жидерго дунялги гIуцIун, гьез хъизаналъул ва Дагъистаналъул гIадатал халат рахъинаризе рукIиналда ва рахьдал мацI камилго бицине букIиналда.

***ГIайшат Тажудинова***



# ХвезегІан гьудулзаби

Каспий ралъдал рагІалда бугеб «гІалхулаб» пляжалда ясалъул жаназа батаралдаса анцІго соналдасаги цІикІкІун заман ана. Гьей чІваялъул гІайиб гІунтІизабулеб букІана гьелъул бищунго лъикІай гьудулалде.

Саидаги Наидаги (гьаб хабаралда ругел киналго цІарал хисизарун руго) гІола Дагъистаналъул мугІрузул районалда ва тІоцебесеб классалдасаго гьудулзабилъун рукІуна. Амма балугълъиялде рахиндал ясазул нухал рикьула: Саида уна МахІачхъалаялде, Наидайин абуни росулъго хутІула. Амма гьез бухьен тІезе толаро: цоцазухъе ахІула ва хъвала. Саида росасего ун йикІунаро, Наидайин абуни ятІалъун йикІуна.

Рии бакьулъ Наидаца, жинда росулъ чІалгІун бугила, ралъдал рагІалда хІухьбахъи гьабизе бокьун бугилан, гьудулалде гІарз бахъула. Саидаца гьей МахІачхъалаялде ахІула. Жиндирго къайи-цІаги босун, росасдаса жиндие хутІараб машинаялдаги рекІун, кІиго сагІаталде шагьаралде щола Наида. РогьинегІан кеп-гІоркьалдаги рукІун, радал хІукму гьабула, шагьаралъул ралъдал рагІалде гуреб, лъим «бацІцІадаб» бакІалде, рикІкІадегІан ине.

Гьудулзаби щола шагьаралъул рагІалда бугеб пляжалде, амма гьенибги гІемерал гІадамал ратула. Дагьабги рикІкІада бугеб гІалхулаб пляжалда чадирги чІван, бакъул ваннаби гьарулел рукІаго, мотор бугеб расаялдаги рекІун кІиго жинс-рахъ бугев вас уна аскІосан. Ясаз кверал хьвагІула. Гьел аскІорегІан рачІуна. Гьел рукІуна Маратги Арсенги. Гьезда гьал туристалилан ккун рукІуна, нилъерго ясал ратула. КъотІи-къай ккола ралъдал рагІалда ругел гІемерал ресторназул цоялда къаси дандчІвазе.

Москваялда цІалулев Марат каникулазда эбел-инсухъе гьоболлъухъ вачІун вукІуна. Арсенилан абуни гьеб ресторазалда хъаравуллъун вукІуна, амма хІухьбахъиялъул къо босун букІуна.

Къаси кватІараб мехалъ ункъалго ресторазалъул азбаралда гІодор чІола, кваналеб ва гьекъолеб жо босула. Гьенире щвезегІанги ясаз пивоги гьекъон букІуна, ресторазалда кигІан гьекъарабали лъидаха лъалеб.

Къаси сагІат анцІго тІубараб гІадаб мехалъ мехтарай Саидаги Маратги мадугьалихъ бугеб рокъоре жанире уна. Наидалги Арсенилги рагІи данде кколаро. Марат тІадвуссун вачІараб мехалъ, Арсенги уна Саида йиигеб рокъове. Маратица Наида махсаро-хочІалъ юссинаюлей йикІуна, амма гьей гьудулалъул ургъалида йикІуна. КватІичІого Саидаги Арсенги, рокъоса къватІиреги рахъун, столалда нахъа гІодор чІола. Саидаца гьудулалъул гІинде цо жо шурула, гьудул гьебсагІатго чадир чІвараб бакІалде тІадюссине гІамал гьабизе лъугьуна. Саидаца, свакалъул гІиллаги бачун, ине инкар гьабула. Ресторазалда гъоркь ругел гостиницабалъул номеразда сордо базе рачІайилан абула васаз, амма Наидаца, радал щуго тІубараб мехалъ жал

тӀадруссине кколилан, инкар гьабула. Гьеб сабаблъун, ясал дагӀбадула. Рагъуларо, амма Наидаца гьудулалда квешал рогьрал рала.

Диваналда Арсеница нугӀлъи гьабула Наидал цӀакъ кьварараб дандечӀей букӀанила гостиницаялда сордо базе ва гьел анилан. Хадуб Марат ва Арсен, цоги лъалев чиги дандчӀван, рогьинегӀан бильярд хӀалел рукӀуна.

Радал ралъдал рагӀалдасан векерулаго, хӀухьбахъи гьабулезул цоясда бихьула бихха-хочараб чадир. Жаниве ваккидал, ясалъул жаназа батула гьениб ва кӀалъала полициялде. Полициялъулалги халкъги чадиралда аскӀоре ракӀарун рукӀаго, Маратги Арсенги нахъеги рачӀуна росодаги рекӀун: гьезие бокьун букӀуна ясал ун ругищали балагьизе. Ралъдал рагӀалде щведал лъала гьезда ккараб жо. Жанире ралагьизе риччайдал, васазда Наида лъала ва гьелда цадахъ цоги яс йикӀанилан бицуна.

Хадуб судмедэкспертас чӀезабула: **Наида хвана, гьецӀо кьабараб гӀадаб, бетӀералда бугеб рагьараб ругъуналъ. РухӀ босун буго сордо бащалъараб гӀадаб мехалъ ва кинаб букӀаниги хӀал гьелда гьабун гьечӀо.**

Гьебго къоялъ Наидал эбелалъ, цин ясалъухъе ахӀун буго, амма телефон сун батун буго. Хадуб Саидахъе кьурун буго, гьелъги жаваб кьун гьечӀо. ТӀубараб къоялъ иргаялда гьезухъе кӀалъалей йикӀун йиго гьей ва къаси полициялъулаз бицун буго эбелалда яс чӀван йигилан.

МахӀачхъалаялда гӀумру гьабун вугев жиндирго васасда Наидал эбелалъ гьарун буго Саидал рокъове ваккеян. Гьей кьижун ятун йиго. Къаси гурони гьудул хварайлъи лъачӀей Саидае цо кӀудияб асарго гьабун гьечӀо гьелъул хвелалъ. Гьелъ гьебсагӀатго байбихьун буго жамгӀиял гьундуздасан лъалел-хъвалезухъе Наида чадиралда жаний чӀван ятун йигилан хъвазе, лъицаниги гьелъие гьей кий ятараяли бицинчӀониги.

НугӀзабазул рагӀабазда рекъон, Саида гӀадамазулгун бухьен кколей гӀадан йикӀинчӀо, Наидалгун жиндир дагӀбаялъул хӀакъалъулъ жигараб къагӀидаялъ лъазабиял гьари ва киназдаго бицин, гӀажаибаб ва гьелда релълъинчӀеб жо ккола. Саидаца гьаркьилал ритӀунги киназдаго бицана Наидаца жиндир къайи-цӀа чадиралдаса къватӀибе рехиялъул, жийго ячахъиялъул ва щвара-щвараб жоялда рокъое ячӀине ккеялъул.

**Къадаралде щварай ахирисеб нухалъ кӀалъарай кӀиязулго гьудул Аминаца ва Саидаца кьурал баяназда рекъон, ясазул унго-унголъунги дагӀба-рагӀи букӀун буго. Гьеб дагӀба-рагӀиги ккун буго Саидаца жинда кӀиявго вас жиндеххунго руссинаризе кӀванилан абураб жоялъ. Наидада гьеб абичӀониги бичӀчӀунги букӀуна. Саидаца бицахъе, Наидаца гьелда, дур яхӀ-намус гьечӀин, жинца гьеб лъугьа-бахъиналъул хӀакъалъулъ киназдаго бицине бугин, мунгун цо чадиралда жаний йикӀинецин ракӀкъалин жиндирилан (чадир Наидал букӀун буго), кӀудияб ахӀи-хӀур бахъинабун буго.**

Доб балагьаб сордоялъ, жиндирго къайи-цӀаги, ресторcraftалъул столалдаса босараб квенги, Наидал карточкаги босун, Саида гьениса ун йиго ва щвара-щвараб жоялда рекӀун рокъое щун йиго.

ЦӀех-рехалъул заманалда Саидал рокъоб чӀухь бала. **Гьелъул рокъоб**

**батула багӀарал тӀанкӀал лъураб тӀогьилаб тӀажу. Экпертизаялъул хӀасилалда гьел рукӀана чӀваралъул бидул тӀанкӀал. Хадуб Саидаца баян гьабухъе, гьез иргаялда цоцазул ретӀел ретӀунеб букӀун буго, хваралъ гьезда тӀад жиндирго би тун батила. Амма гӀетӀул анализ гьабураб мехалъ, гьеб цохӀо Саидал гурони батичӀо. Гьединабго бидул тӀанкӀ батана Саидаца цадахъ босун букӀараб хъахӀаб шаршавалдаги. ЧӀухь балев офицерасда Саидаца малъал къунцӀун рукӀинги халлъула, гьединлъидал малъазда гъоркь биологиял лъалкӀал ратизеги рес букӀинчӀо.**

ЦӀех-рехалъул заманалда чӀваралъул эбелалъ хӀалбихьун буго Саидахъа жиндирго ясалъул компьютер нахъе босизе, амма гьелъ инкар гьабун буго. Полициялъулаз хал гьабураб мехалда, къвакӀараб дискалъе зарал ккун батула, гьединлъидал экспертиза гьабизе рес щоларо.

Саида ккола сурав босизе ва гьей разилъула полиграфалда суалазе жавабал кьезе. **Гьелъул хӀасилалда тӀатуна, Саидаца жинцаго гьабураб такъсиралъул мухӀканлъабазул хӀакъалъулъ баянал рахчулел рукӀине бегьулеблъи бихьулеб психофизиологияб реакция.**

Саида СИЗОялде йитӀула. Гьелъул адвокатас хӀаракат бахъулеб букӀуна полиграфалда лъугьараб реакция, лъабго къоялъ квен гьечӀого ва психологияб тӀадецуялда гъокь йикӀиналъул хӀасил бугилан чӀезабизе. Хварай гьудулалъул цӀар бахъидалги асарго гьечӀого гьей йикӀине рес гьечӀилан. Амма жийго Саидал кинабгӀаги гӀарз букӀунаро.

ТӀадежоялъе, цӀех-рехалъул заманалда Маратица бицун букӀана, жив Наидагун телефоналъ кӀалъалаго: «ЧӀа, Саида ячӀун йигин жиндирго къайи-цӀаялда хадуй», – илан гьелъ трубка гӀодоб лъунилан. Амма диваналда гьес циндаго хисизарула байбихьуда кьурал баянал ва жинда гьеб ракӀалда гьечӀин ракӀчӀунилан чӀола. Гьелъги бихьулеб букӀуна нугӀзабазде тӀадецуй гьабулеб букӀин.

Ахир-къадги цӀех-рехчагӀаз ракӀарарал далилал гӀола диваналъ тамихӀ къотӀизе. Саидаца абулеб букӀуна жиндие гьудул цӀакъ йокьулаанилан, амма диваналда ракӀбацӀцадго кинабго бицине инкар гьабула, Россиялъул Конституциялъул 51 статьяги хӀалае бачун (лъиданиги тӀадаб гьечӀо жиндаго данде нугӀлъи гьабизе). Гьей мукӀурлъуларо гӀайибалъе ва жиндирго ахирисеб рагӀиялда: «дица гьей чӀужу чӀвачӀо» – йилан абуна (унго-унголъунги гьединищ нилъеца абулеб хириял чагӀазул хӀакъалъулъ?).

**Диваналъ Саида Россиялъул уголовияб кодексалъул 105 статьялъул 1-себ бутӀаялда рекъон (чи чӀваялъухъ) гӀайибияйлъун рикӀкӀуна ва гӀаммаб режималъул тамихӀалъул колониялда микьго соналъ туснахъ гьайизе хӀукму къотӀула.**

*Виолетта Ратенкова*



*К. ГIумаровалъул сурат*



# «Семантика совести»: путь Лауры Феталиевой

***О таких, как Лаура Феталиева, говорят: «Этот человек на своём месте». Судите сами: 25 лет педагогической деятельности, звание «Отличник образования», учёная степень кандидата филологических наук и недавняя успешная предзащита докторской диссертации.***

***А ещё она возглавляет Управление по делам молодёжи Дагестанского государственного педагогического университета имени Расула Гамзатова.***



В семье у Лауры Платовны не было филологов. Родные – люди практичных профессий. Но дом, где книгу держат с уважением, а сказанного не бросают на ветер, – был.

А однажды случилось детское изумление, которое всё и решило.

«Я вдруг сделала важное открытие: одно и то же слово может утешить, может убить, может воскресить. Как это работает? Хаос чувств обретает форму только в слове. А когда в институте увидела, что филология – не скучный разбор по членам предложения, а живая ткань смыслов, – осознала: это навсегда».

На вопрос, изменилось ли самоощущение после защиты кандидатской, она отвечает следующим образом:

«Я почувствовала себя кандидатом наук не в день защиты, а накануне, ночью. Как-то неожиданно задалась вопросом: «Зачем я всё это делаю?» Ответ пришёл незамедлительно.

С тех пор я заметила метаморфозы в своём голосе – он стал спокойнее, увереннее, ведь отныне за каждым «кажется» стоит «доказано». Преподаватель – это проводник. А кандидат наук – тот, кто сам создаёт новое знание. Разницу чувствуешь не сразу, но студенты – чуткие, всё видят».

Как она поняла, что значит быть начальником управления по делам молодёжи? Не на совещании, не в момент подписания приказа о назначении, а в два часа ночи, когда разбирала сообщения от студенческого актива. У ребят случился конфликт, и кто-то написал: «Лаура Платовна, если вы не вмешаетесь, – мы пропали».

«Вот тогда и пришло осознание: ты не чиновник. Ты мост между «хочу» студента и «можно» университета. И если этот мост рухнет – пострадают судьбы детей».

***– Учёная степень или должность делают вас человеком влиятельным в молодёжной среде?***

– Студенты видят кандидата наук и доверяют его аргументам. Без филологической базы моё администрирование можно было бы с уверенностью считать бессмысленным. Настоящее влияние – когда студент чувствует: этот «чиновник» (она смеётся) на самом деле понимает, о чём говорит. Поэтому я не выбираю. Беру и то, и другое.

Оказывается, у Лауры Платовны есть правило, как её представлять на мероприятиях. Когда событие внутриуниверситетское, она просит называть начальником Управления по делам молодёжи. Чтобы ребята сразу знали: перед ними человек, который выслушает и поможет. А когда наша героиня, к примеру, участвует в научных конференциях, – предпочтительно обращение как к учёному-филологу. Потому что так ты становишься сопричастным профессиональному сообществу вне зависимости от того, какой пост занимаешь.

Лаура Платовна работает доцентом на кафедре педагогики: «Я стою на перекрёстке, где слово встречается с воспитанием. И это самое интересное место в науке», – объясняет она. Филология открывает ей все грани языка, понимание текста, умение слышать подтекст. Педагогика – законы, по которым строится обучение. Вместе они позволяют учить будущих учителей не только методикам, но и главному – культуре речи, умению услышать ребёнка, заметить манипуляцию в учебнике. «Без филологической оптики педагог – как хирург без скальпеля», – объясняет она. И добавляет: «Я не ушла из филологии. Я пришла в педагогику через филологию. И благодарна судьбе за этот путь».

В конце я попросила назвать не должность, не звание, а три слова, которые её определяют. Она ответила: «Та, кто понимает».



Да, суть преподавателя – понимать студента. Суть руководителя – понимать проблемы, страхи, надежды. А должностные полномочия – это способы легализовать это понимание.

У Лауры Платовны большие планы: завершить докторскую, развивать молодёжную политику университета. И просто радоваться жизни.

Женское счастье в её видении состоит из казалось бы обыденных деталей: улыбки студента, поддержки семьи и возможности постигать новые горизонты в профессии. А большего и не надо.

***Саният Эмирова***



Танзиля
Гарипова

# «Женщины доказали, что могут руководить и компаниями, и целыми странами»

Танзиля Гарипова основала «Академию Ассистентов», когда убедилась, что предприниматели перегружены рутинной работой, а их помощники зачастую недостаточно компетентны, чтобы на должном уровне взаимодействовать со своими работодателями. С 2015 года её компания занимается подбором персонала и обучением ассистентов.

Она часто приезжает в Дагестан, поскольку ещё в 2018 году запустила здесь свою Академию. В интервью собеседница рассказала всё об этой необычной профессии и о том, как она пришла в неё.

– Дух предпринимательства проснулся во мне ещё в школьные годы. В 14 лет я покупала мороженое на хладокомбинате, размещала в городе небольшие холодильники (Танзиля родом из Ижевска. – Прим. ред.), нанимала продавцов и зарабатывала на этом неплохую сумму. Чуть позже, когда поняла, что мне нужен наставник, который помог бы разобраться, как вести бизнес, нанялась в качестве ассистента к двум известным предпринимателям. Со временем осознала, что на рынке острая нехватка бизнес-ассистентов. Это и подтолкнуло меня к идее создать Академию. Среди моих кейсов такие компании, как «Мэйл.ру», «Газпром», «Мерседес-Бенц», Минфин Московской области, правительство Москвы, множество клиентов по Северному Кавказу. В итоге меня теперь даже называют мамой ассистентов.

***– Давайте проведём краткий ликбез для читателей. Кто такой бизнес-ассистент?***

– Это пушка-ракета, руки-ноги руководителя. Ассистент нужен, чтобы брать на себя всю рутину. Он должен уметь составлять рабочий график, договариваться о встречах, решать конфликтные ситуации. В общем, быть везде и всюду.

***– Перечислите качества, которыми должен обладать ассистент.***

– Ответственность, внимательность, желание работать и развиваться. Умение служить во благо другому. Ассистент – это человек, который полностью растворяется в рабочем процессе, живёт жизнью руководителя так, будто он очень важный член его семьи. А ещё ассистент должен обладать рациональным тайм-менеджментом, потому что у него много задач, и ему нужно сделать всё и сразу. Ну, и куда без крепкого здоровья? Иначе можно выгореть за пару недель.

***– Такие качества берутся от природы или их можно развить?***

– Их можно наработать. К нам приходят разные люди. Это могут быть мамы в декрете, секретари, бухгалтера, маркетологи. Однажды ко мне пришла бывшая прокурор Пензы, она у меня отучилась, и мы устроили её в «онлайн».




***– Как часто было, что вы, поговорив с клиентом, понимали: «Он не потянет».***

– Такое периодически происходит, и я таким людям говорю, над чем следует поработать. У нас в компании есть и приём заявок от руководителей: некоторые из них готовы работать с новичками. Кому-то нужен ассистент с навыками видеомонтажа, а кому-то – со знаниями по юриспруденции. Недавно пришла заявка из Дагестана – ребята занимаются косметикой: «Танзиля, нам нужен ассистент-бухгалтер». Соответственно, я буду искать помощника не из ассистентов, а из бухгалтеров.

***– Скажите, а какова вероятность, что ассистент поднаберётся опыта и сам вырастет до руководителя?***

– Пятьдесят на пятьдесят. Я – наглядный пример бизнес-ассистента, которая открыла собственную компанию. Ассистент может стать пар-

тнёром организации, где он работал, может запустить собственный проект, а может остаться ассистентом хоть до глубокой старости, скажем, просто расти в зарплате. Это тоже очень престижно.

***– Крупные предприниматели, вроде Илона Маска или Марка Цукерберга, любят говорить о своих полезных привычках, которые помогают им всегда быть бодрыми, креативными, успешными. У вас такие привычки имеются?***

– Куда же без них. Во-первых, это качественный сон и правильное питание. Во-вторых, работа над позитивным мышлением. Отсюда вытекает и третий момент: работа с окружением. Всех нытиков и негативщиков, всех, кто не верит в твой успех и ставит под сомнение твои навыки, – всех их за дверь.

***– Предприниматели, как правило, люди занятые. Остаётся время на досуг?***

– Конечно. Это путешествия, это чтение и написание книг (Танзиля – автор пяти книг, посвященных подбору бизнес-ассистентов. – Прим. ред.). Плюс парашютный спорт и дайвинг. А еще я пишу картины, занимаюсь пением, ну и, конечно же, я ещё молодая мама.

***– По вашим наблюдениям, как сейчас относятся к женщинам, занимающимся бизнесом?***

– Лояльнее, чем раньше. Женщины доказали, что они могут руководить и компаниями, и целыми странами. Женщин-бизнесменов начали принимать даже в восточных странах. У нас более мягкий, более детальный подход к руководству, чем у мужчин. А вообще, в идеале надо делать проекты в коллаборации М+Ж.

***– У вас с супругом так и получается?***



– Ещё нет. Наш единственный совместный проект на данный момент – это наша семья (улыбается). Но в будущем мы обязательно и поработаем вместе. А пока супруг меня просто поддерживает, и это придаёт мне уверенность. Ну а я просматриваю его проекты и даю ему какие-то советы.

***– Ну и под конец беседы дайте пару советов начинающему предпринимателю.***

– Первый: берите ассистента. Он сильно упростит вам жизнь. Второй: даже не смейте думать, что у вас что-то не получится.

***Руслан Бакидов***

# 1 июня – День защиты детей












2026
2026



ИНДЕКС ПМ803

4 651116 280082

**Свободная цена**
**6 +**